


INZWAI INZWI RAKE

 Maita henyu, Hama Neville. Ndinotenda zvakataurwa naDhavidhi, “Ndakafara pavakati kwandiri, ngatiendei kuimba yaJehovha.” Pane chimwe chinhu pamusoro peSunday school chisipo pane zvimwe zvikamu zveshumiro, nguva ipi zvayo mukufamba kwezuya. Tichangomuka kubva mukuzorora kwakanaka kweusiku, uye—uye tiri kungonzwa zvakasiyana, uye watovandudzwa nekugadzirira zuva.

² Zvino tinonzwisisa kuti...Manheru apfuura, takabvunza va—vanhu kana vaive nechechi yava...yavaipinda, pavaishanya kana—kana...ndinoreva, vagara vari nhengo dzemachechi, kuti vanofanira kunge vachipindira kuchechi kwavo mangwanani ano. Nekuti, isu tiri vanosanganisira masangano ose, hatingofariri kutora vanhu kubva kune unganano yavo.

³ Uye ini ndakanenerwa nguva dzakawanda kuti—kuti ndinowanira mhosva mamwe machechi. Hazvisirizvo. Handiwanire mhosva mamwe machechi. Ndinowanira mhosva, nguva zhinji, zvinhu zva—zvavanotendera, asi handiwanire chechi mhosva. Asi, nguva zhinji, pavanodzidzisa zvinhu zvinopesana neMagwaro, zvino ini—ini ndotsiura izvozvo. Uye pavanoita zvinhu zvakazara zvivi, ne—nekuzvitendera kuti zviiitwe mumachechi avo, ndinozvitsiura. Asi kwete...Sezvazvinotaurwa...Ndine shamwari dzakawanda dzeChikatorike dzakagara pano, uye handimbopomera vanhu veChikatorike. Ndinowanira mhosva dzidziso yechechi yeChikatorike, nekuti handitende kuti iri muMagwaro. Uye handivatsiuri zvingapfuura kutsiura kwandinoita vemasangano echiProtestanti, nekuti handifunge kuti zviri muMagwaro. Uye ini ndine mungava wekumira neizvo zviri zveChokwadi. Maona? Munoziva, Mwari vanokufarira kana ukava wakatendeka, wakangoperera.

⁴ Munoziva, nguva zhinji, murume achitsvaga mukadzi, murume chaiye ane hurume paari, haambotsvagi zvachose musikana akaisvo—akaisvonaka kumeso, kana zvimwe zvakadaro. Anoziva kuti izvozvo zvicharasika, nerimwe ramazuva. Maona? Anotsvaga mukadzi ari mukadzi muhunhu hwake, mukadzi chaiye. Uye kana akatendeka, uye ari mukadzi chaiye, murume iyeye anomuyemura. Handina basa anga—angave munhu akashata sei, uye angava achimhanya—mhanya zvakadini ne—nevakadzi vakashata; hakuna murume akashata munyika asi unoyemura mukadzi anomira chaizvo neizvo zvinofanira kunge zviri mukadzi. Ndizvo chaizvo. Nekuti, anokoshesa izvozvo.

⁵ Zvino ndizvo zvazviri ne—nekuparidza Shoko, kana munhu akamira nezvaanotenda. Zvino kwete... Rangarirai, Mwari vanoziva mwoyo wako. Uye kana ukamira nezvaunonyatsotenda kuti ndicho Chokwadi, ipapo unozokwanisa kuva nekutenda mune zvauri kutaura pamusoro pazvo.

⁶ Ndine shamwari dzakanaka dzakati kuti dziri pano. Hama Charlie Cox, ndinoona vakagara kunze uko. Uye mavhiki mashoma apfuura, ndanga ndiri zasi kuKentucky ndinavo, tichivhima tsindi, uko kwandakawana kakuzorora. Hama Banks Wood. Uye, zvino, isu, tichinyatsogadzirisa pfuti dzedu, ivo... Ndinonofanira kuti yangu inyatsonaka zvekuti inokwanisa kupfura chipikiri chine musoro wakapamhama pamayadhi makumi mashanu, kana kuti handi—nditokwanisi kundovhima. Maona? Ndizvo zvoga.

⁷ Saka, zvinobetserei kupfura chipikiri? Maona? Nekuti, kana uchipfura tsindi, uye uchipfura musoro, musoro wayo zvichida idenderedzwa rakakura *kudai*, ukarova chero papi mukati medenderedzwa riri inchi zvinenge zvakanaka, munoona, chero papi mukati imomo. Mumwe wevakomana ava anoti, “Zvakanaka. Ndarova tsindi.” Vanoendako vachinohonga tsindi yacho. Asi, kwandiri, zvinofanira kunge zviri chaizvoizvo zvakanakwana. Inofanira kuti irove chipikiri chacho. Haifanire kuchipotsa nechikamu chimwe kubva muzvina cheinchi. Inofanira kurova pachipikiri chacho chaipo, kana kuti ndinobva ndasagadzikana nekusafara.

⁸ Zvino ndakanga ndakagara pasi, pane rimwe zuva, mumasango, uye ndichiti, “Ishe, sei—sei ndiri mupengo akadai? Ko Makandiitireiko kuti ndive mupengo akadai?” Ndikati, “Zvino apo...”

⁹ Hama Banks vakaenda kundovhima nepfuti yavo, vakaidhonzera mudenga kuti vapfure nayo, vachiona nemuteresikopu. Zvino iwe unongo... Pano nepapo, uno... imwe inozopotsa, nekuti kana yaka... Nyere dzakaisirwa unga kufakitori dzinodaro, chaizvo, nekuti unenge uine unga hwakati wandisei zvishoma, neunga hwakati shomekei zvishoma. Asi inondorova yakati potsei zvishoma, kana inchi imwe chete kana maviri, Hama Banks vanoti, “O, zvakanaka hazvo, ndarova tsindi. Zvakangonaka.” Izvozvo hazvimbo—izvozvo hazvimbovanetsi. Charlie, ndizvo zvimwe chete. Asi ini...

¹⁰ Yangu inofanira kurova chipikiri chacho, nepakati chaipo, kana kuti zvinondikanganisa. Ndakati, “Ndatove mupengo chaiye.” Zvino ndakabva ndatanga kutarisa kumashure, zvino ndikaona kuti hupenyu hwangu hwakangodarowo. Ndiwo magadzirirwo angu. Uye ndikafunga, “Zvino, sei Makandigadzira saizvozvo?” Zvinotondiita kuti ndisagadzikane kana—kana ikangopotsa nepadiki *neuku* kana *neuko*. Zvino ndiyo nzira iyo Ishe yavakandizarurira, ndakagara pasi ipapo,

kumusoro paGlutton Hallow, kana chero ipo pacho pataiva, tichivhima. Ipapo, ndinotenda kuti panonzi Dutton; asi, tsindi dzinodya dzichikurumidza kwazvo, ndinopati, “Glutton.” Saka va . . .

¹¹ Ndiri pamusoro panzvimbo iyi, ndakafunga, “Ndizvozvo.” Handaimbokwanisa kudzidzisa kuti kwaive negehena kusvika ndava nechokwadi nazvo. Maona? Uye nekudaro kana Magwaro achifanotaura nezvokupodza kwaMwari, uye *pano*, poratidzika sezvizvi uye sezvozvo; kana pane Gwaro rinoti, “Baba, Mwanakomana, neMweya Mutsvene,” kuita sekunge kunana vaMwari vatu, uye *Ipapo* ndoona pane Mumwe chete; saka zvino ndinozokwanisa sei kungoita zvamasanga, nezvemumwewo munhu, zvaanotaura pamusoro paZvo, ndongozvitora zvakadaro? Kana Bhaibheri richitaura pamusoro pekufanotemera nenyasha, uye *pano* rine mabasa, uye *pano* rine nyasha. Uye ini—ini handingagoni kuzviparidza saizvozvo.

¹² Ndinofanira kupedza nyaya yacho, nemo, nemo, nemuBhaibheri, kusvikira zvava kunyatsorovera chipikiri nemazvo, maona, kusvikira zvava kunyatsobuda zvakakwana kubudikidza neMagwaro. Zvino pandinozomira, ndinonyatsove nekutenda mune zvandinenge ndichiita, munoona, uchiziva kuti zvauri kuparidza iChokwadi. Maona? Uye kana mumwe munhu akapesana nezvaZvo, unenge wakanyatsonzvera zvakakwana kusvikira wava kunyatsoziva zvaAnotaura, nepekumumisira, munoona, pano *Apa*. Maona? Uye ndizvo zvazviri. Mwari vanotiita nenzira dzakasiyana, kuti tizongokwanisa muhunyoro . . . Ndizvo zvinogadzira nyika kuti ive saizvozvo. Asi, ndizvo zvinondiita kuva mhando yemunhu asina kugadzikana, asiri kufara. Zvinofanira kuva zvakanatsokwana.

¹³ Uye ndiri kufara chaizvo, manheru ano, nhasi, mangwanani ano—ano, kuti nditi ndinoziva kuti Ishe Jesu havana kufa. Iye anorarama, uye Anotongoripo pano izvozvi sezvaAingove chero nguva ipi munyika paGarirea kana chero kumwe kupi hako. Ndiye Mwanakomana waMwari mupenyu anorarama, akamuka kuvakafa, ari kwese-kwese. Ndizvo . . . Uye dai ndakatadza . . .

¹⁴ Kana ndikadzidzisa Gwaro remumwe Mwari wenhorowondo, uye ndisinganyatsova nechokwadi chokuti Anenge ari pano chaipo, ndi—ndingadai ndakatovhiringika zvachose. Zvaindiita kuti ndinyanye kusagadzikana, ndainge ndisingazive zvandainge ndichiita. Maona? Uye ndainge ndisingazive kwekuudzira vanhu. “Saka, zvino, Achaita *zvakati*, kana kuti Achaita *zvokuti*.” Ini—ini handaikwanisa kukuudzai. Handizive. Asi kana uchiziva kuti zvaAkavimbisa Anozviita, uye wakaMuona achizviita, ipapo unoziva paunenge wakamira. Maona? Uye woona kuti Mwari, muhurongwa hwaKe hukuru, akanyatsoziva kuti ogadzira sei munhu wese kuti anyatsova chimwe chinhu, nekuti achazovashandisa nechinangwa ichocho.

¹⁵ Manzwa here mudzimai muduku uya kumusoro kuno, chinguva chiduku chapfuura? Mai Stricker, vachiimba pasina zvinoridzwa. Vanga vaine kamwe kanhu kadiki keimwe mhando kavanga vachifuridza nemakari, kuti vawane chuni yavo, kiyi yavo—yavo kana chero zvamunoidaidza muchiita. Uye vanokwanisa kumira vachiimba neinzwi rakanyatsodzika kwazvo, zvino vorikwidza mudenga, chiya, *Heyo Ngarava!* Zvino, munofanira kumbondinzwa ndichizviedza imwe nguva. [Hama Branham neungano vanoseka—Mupepeti.] Zvinenge zvakanatsoipa. Asi, munooona, Mwari vakaziva kuti vonyatsogadzira mukadzi uyu sei kuti agoita izvozvo.

¹⁶ Uye ndiyo nzira yacho. Isu tese tine magadzirirwo akasiyana. Kana tikangokwanisa kuwana nzvimbo yedu muna Kristu, uye wobva wagara ipapo zvino woMushumira.

¹⁷ Munooona kamusikana kadiki kakagara pano, mangwanani ano, muhwiricheya. Ukomborerwe kamwoyo kako kadiki. Chii chakakuremadza, mudiwa? Muscle dys-...dys-... O, handikwanise kutaure shoko iroro, kana ndangotanga; dystrophy, kana chingave chii. Ndizvo zvachiri here, mudikani, chakakuremadza, kana kuti iporiyo? Poriyo. Unoziva, Jesu anopodza tusikana tudiki. HaAdaro here? Uri kasina kadiki kakanaka kwavo. Uye ini ndinotenda kuti Jesu achakurega uchiita zvakanaka.

¹⁸ Usiku hwapfuura, vasikana vaye vaduku vaviri vakanga vakagara pano vaine chirwere chiya chekuti panga pasina munhu pasi pano anoziva kuti chii. Tuminwe twavo tudiki twakadonha, netutsoka twavo twakadonha. Tusikana tuviri twakanaka. Uye zvakaiteka kuti ndinoziva amai vavo naambuya vavo. Uye ndakangonzwa kutungamirirwa kutsiura dhiyahbore uyu aitambudza twunhu tudiki utwu twakagara ipapo; pakare ipapo. Uye vanga vari mumahwiricheya handizive kuti kwenguva yakadini. Zvino usiku hwapfuura, nhau dzakauya dzichipararira, neparunhare, “Tusikana tudiki twasimuka, tuchifamba-famba.” Munozviona izvozvo, kuti—kuti Ishe Mwari vakavaitira nyasha kwazvo. O, Vakanaka kwazvo kwatiri! Tinofanira kuwedzera kuVakoshesa.

¹⁹ Uye ndaifunga, manheru achangopfuura, mushure mekunge ndaenda kumba uye ndakarara hangu kwemaminitisi mashoma, ndaifunga zvokuti, “Panenge mweya wabuda kubva mumunhu, chinenge chiri chii?” Anenge ari munhu wemukati anenge abuda. Haana kufa. Anenge—anenge achiri mupenyu. Maona? A—anorarama nokusingaperi. Uye vadikani vedu vakatungamira seri kwechidzitiro chino, vari mumu—mutumbi watisingazive kuti unenge uri chii. Hazvina kuzarurwa.

²⁰ Pane matanho matatu ezvinhu zvose. Pane danho remutumbi unofa, mutumbi usingafe, uye nemutumbi wakabwinyiswa. Maona? Sezvakangoita zvimwe zvinhu, sokunge...Baba,

Mwanakomana, neMweya Mutsvene, zvinoenda mumashandire mamwe chete, uye zvitatu izvi zvinoita Mumwe chete. Kururamiswa, kuchenewa, nerubhabhatidzo rweMweya Mutsvene, mumafambire mamwe chete, zvinoita chinhu chimwe chete. Kwozoti, uye munhu wemukati, mutumbi, nemweya, zvinoita chinhu chimwe chete. Zvino zvinofambidzana muhutatu, uye zvinoyamutatu chimwe nechimwe. Zvino ukatora chi—chidimbu chegirazi chine makona matatu uye wochiisa muzuva, chinonesa mavara, asi, mavara manomwe anodzika kuita rimwe.

²¹ Zvino ukatora chitsvuku, wotarisa chitsvuku kuburikidza nechitsvuku. Vangani vanoziwa kuti rwunenge rwava ruvara rwakaita sei? [Ungano inoti, “Rwuchena.”—Mupepeti.] Rwuchena. Uh-huh. Hazvishamise here izvi? Kuti, chitsvuku kuburikidza nemuchitsvuku, chinoratidzika kuva chichena. Chitsvuku chiratidzo cherudzikinuro. Uye pauno... Mwari vanotarisa pazvivi zvedu zvitvuku, kuburikidza nemuRopa dzvuku reMwanakomana waVo anokosha, zvinova zvichena. Saka, asi, Anofanira kutarisa kubudikidza nemuRopa. Kana zvikasadaro, vazere nezvivi. Saka tinofanira kuva pasi peRopa.

²² Uye munhu wemukati paanosiya mutumbi uyu, anofamba rwendo kuenda kunzvimbo yezororo, mumutumbi uri mumufananidzo nechimiro chomutumbi uno, asi hausi mhando yomutumbi uno. Uchasangana nevadikani vako. Hauzokwanisa kumhoresa ruwoko rwavo. Unokwanisa kutaura navo, unokwanisa kuvatarisa. Vanongoratidzika sezvavari chaizvo pano. Nokuti, paya Petro, naJohane, naJakobho, pavakaona Mosesi naEria, vakavaziva, paGomo reKushandurwa. Asi, unenge uri mutumbi.

²³ Asi kwozoti kana mutumbi iwoyo, wemhando yemutumbi wekudenga, paunodzoka zvakare panyika, unotora zvi—zvinhu zvinobatika zvawakambogara mazviri, zvino wochibva waita mutumbi wakabwinyiswa. Zvino mutumbi iwoyo ndiwo wacho watichaona nawo Ishe Jesu, ari mumutumbi waKe wakamutswa kuvakafa. “Hazvisati zvino zvava kuonekwa zvatichava,” ndizvo zvakataurwa naPauro, “asi tinoziva tichava nemutumbi wakaita sewaKe pachaKe wakabwinyiswa, nekuti tichaMuona sezvaAri.”

²⁴ Uye maoko ose aya achembera akawunyana nezvizenga zvisisashande zvose izvi zvichanyangadikira murunako rwechidiki. Imi harahwa nechembere, rangarirai, imi... Izvi ndizvo... Izvozvo, ndicho chiratidzo chekuwa, zera renyu rekuchembera. Asi murumuko, panenge pasisina mucherechedzo mumwe chete wechii zvacho chechivi. Asi sei Mwari vakakugadzira sezvaVakaita? Vakakusvitsa pane rimwe zera, pawanga wave nemakore angaite makumi maviri nemaviri, makumi maviri nematatu okuberekwa, wainge uri pawakanakisisa. Waidya chikafu uye uchiwedzera kusimba, uye

uri mutano, uye waiva uri munhu airatidzika zvakadini kuzara nesimba. Zvino, mushure maizvozvo, wakatanga kuunyana uchipera, munoona, rufu rwakapinda. Asi, murumuko, huchembere hwose huchabviswa.

²⁵ Ndakatarisa pano pamuparidzi mudiki mutana nemudzimai wake. Vave nemakore ekumakumi masere, ndinofungidzira. Hama neHanzvadzi Kidd, vachiparidza Evhangeri zvichida ndisati ndazvarwa; zvino ini ndave mutana. Zvino ndinovaona vakagara pano, mhuri duku yechikuru, inoratidza kuzva nerugare. Uye ndinongofunga, kuti, murumuko, vachazoratidzika sei. Maunya okuchembara aya, nekudera kwemaoko kwenhetemwa nekuremara, neidzo imvi zvichyangadikira murunako rwevehidiki. Zvinonyatsobhadhara kushumira Ishe. Zvinonyatsodaro. TichaMuona, rimwe zuva.

²⁶ Handizivi kana Rosella Griffin aripo. Ndingade kuti ataure shoko rimwe chete. Kachidhakwa kadiki kakangobva mukupodzwa pa...pano, makore mashoma apfuura. Uye izvi zvinogona kubatsira chimwe chidhakwa chiri pano. [Imwe hanzvadzi iri muungano inoti, “Hama Branham, aenda kumba mangwanani ano.”—Mupepeti.] Atozofanirwa kuti aende kumba mangwanani ano. Zvakanaka. Chiiitiko chakanakisa! Ndakafunga manheru apfuura kuti ndaingadai ndakamuita kuti ataure chimwe chinhu. Ndaidaro, dai ndainge ndakazviziva, kuti ainge achienda mangwanani ano. Zvinhu zvakanwanda zvandinoda kuti vanhu vepatabhenakeri vanzwe.

²⁷ Zvino, pane here pano ari kuda kubhabhatidzwa, mangwanani ano, mumvura? Regai tiwone. Poshi, piri, tatu, ina, shanu, nhanhatu, vanenge vatanhatu kana vanomwe vari pano kuti vabhabhatidzwe. Zvino shumiro yerubhabhatidzo ichatevera chidzidzo chino cheSunday school.

²⁸ Zvino, kamuri yeSunday school yeHanzvadzi yedu Arnold, yetuvana twavo tudiki, yavharwa. Uye tichango, kana muchida, Hanzvadzi Arnold, tichangoti izvozvo zviende kumberi kusvikira zuva rinotevera, nekuti hatina kamuri yechikoro chacho. Uye ndichaverenga Magwaro pano mumaminitsi mashoma, ndichiitira vana vadiki, uye izvozvo zvinozovapa chimwe chinhu chekufunga pamusoro pachu, zvakanare. Uye Svondo inouya munozoenderera mberi neshumiro dzenyu dzemazuva ese neSunday school. Zvino, tinoda kutaura kuti...

²⁹ Hechino chimwe chinhu chandinoda kutaura mangwanani ano. Nda—nda—ndakavaudza kuti vasaite izvi, asi vakangozviita, zvakanadaro. Maona? Wanga uri, mupiro wakaunzwa kwandiri nezuro manheru, maona, mupiro. Ndakavaudza kuti vasadaro, maona. Uye vaka...Asi vakazviita, zvakanadaro. Zvino ivo...Ndakanga ndisingavzive kusvikira Billy paakandiudza kuti munin'ina wangu Doc akanga

auunza kwaari, uko kumba kwake. Uye handisati ndauverenga nanhasi, asi ndinotenda kuti zvakataurwa kuti kune ingaite mazana matatu, kana kuti darikei zvishoma mazana matatu. Chii... Unorangarira here, Doc, kuti yanga iri chii? [Hama Edgar Branham vanoti, "...makumi maviri nemana, gumi nemaviri."—Mupepeti.] Yanga iri chii, hama? ["Matatu, makumi maviri neina, gumi nemaviri."] Mazana matatu nemakumi maviri neina, gumi nemaviri. Ndinokutendai, zvakananyanya.

³⁰ Zvino, ndanga ndisiri kubasa kwenguva refu. Munozviziva izvozvo. Uye munyori wangu ari pano, kana vamwe vavo vari pano mangwanani ano, vanoziwa kuti zvangu ini zvingada kubhadarwa nemari, zvisinei kuti ndiri kupi, ndiri pano pamusha, zvinoita kuti ndishandise mari inopfuurira zana rimwe remadhora pazuva, yehofisi dzangu nezvinhu zvinoshandiswa semahengechepfu nezvinhu zvapakoteredza pasi rose, mune zvinoshandisa mari.

³¹ Zvino ndi—ndinoda kutaura izvi, kuruziro kunemi vanhu vari pano, zvisinei. Pahuwandu hwakadai hwevanhu, ndiwo mupiro wakakurisa wandati ndambotambira muhupenyu hwangu. Munocherechedza here kuti zvinoda kusvika kudhora rimwe, pamunhu? Uye kazhinji chero mipiro upi zvawo wekunze uko pabasa kana munhu wese abhadhara zvakaenzana, ungame kuda masenzi makumi maviri nemaviri kana makumi maviri nemashanu pamunhu. Asi uyu wanga uri dhora pamunhu. Nekuti, ndinoziva kuti haungapinde mukati muno... Havatore mupiro panze. Uye hamukwanise kumanikidzirana mukanzvimbo kano kadiki kanodarika, vanhu vangaite mazana matatu, ndi—ndinopokana. Munoziva kuti tabhenakeri ino inogara vakawanda sei, Hama Neville? [Hama Neville vanoti, "Vanofanirwa kunge vari nechekumazana matatu, sezvazviri iko zvino."—Mupepeti.] Vanhu vangaite mazana matatu. Saka, munoona, zvinoda kuita dho—dhora pamunhu. Mwari vanoziwa kuti ndinokoshesa sei izvozvo. Ndinokutendai zvakananyanya. Uye inobva yangoenda yakananga kubasa raShe. Ndi—ndinokutendai nokuda kwawo. Uye nezve... Kana vamwe vavo zvikaatika kuti vanenge vachisimuka usati hwave usiku, nekuti... uye ini...

³² Pandakaenda kumba usiku hwapfuura, pamukova panga pane kabhokisi kadiki kakagarapo, *kakadai*, zvino iri ranga riri je—jelly rakawanda, ndinotenda, rakabva kune mumwe munhu. Munoziva, ndinofarira jelly. Uye ndi—ndinotenda naizvozvo. Uye ha—hanzvadzi iri pano, zviri nani ndirege kudana zita ravo. Ishamwari yepedyo kumhuri yedu, uye vakasiya chipo cherudo zasi kwaamai vangu, chiri changu nechaBilly. Hamuzive, hanzvadzi, kuti ndinotenda sei nokuda kwacho, uye inguva yakadini yachinouya.

³³ Uye, o, zvinhu zvakanwanda! Munonzwisisa. Uye ndine chokwadi chekuti iYe anonzwisisa. Uye saka ndinongovimba

kuti Acharopafadza mumwe nemumwe wenyu, zvakanyanyisa kuwanda. Ndinoshuva kuti dai zvaidai kuti ndaienda kumba nemumwe-nemumwe wenyu, ndo—ndonogara nemi kwekanguva kadiki, ndotaura nemi. Ndinoda kuita izvozvo.

³⁴ Asi, izvi, munoziva zvazviri, kungogara uri parwendo. Tinofanira kuti tiende nekukurumidza. Pachokwadi, mushure chaimo meshumiro nhasi manheru, Ishe vachida, ndichabuda mudunhu rino, tichingopedza shumiro. Ndinofanira kuti ndibude muno twelve o'clock dzisati dzachaya. Ndine pandinodikanwa na twelve o'clock. Ndazara, masikati ano. Uye ini . . . Munoziva zvazviri. Kungoramba uri parwendo, nguva dzose; vanhu vari kurwara, vari kufa.

³⁵ Uye nguva dzakawanda ndinoenda panzvimbo, zvino ndinenge ndakangomira ipapo, zvino mumwe munhu anopinda, oti, “Munondiziva here, Hama Branham?”

“Kwete, handikuzivi.”

³⁶ “Nhai, ndainge ndakarara muchipataro, ndichifa, pamakauya muchindinamatira. Ishe vakandipodza.” “Ndakanga ndiri bofu pamakasangana neni mumugwagwa, zuva iroro kuona kukauya.” Maona? Uye ini—ini handimboziva kuti chii.

³⁷ Asi ndiri kufunga pfungwa imwe chete iyi yakaropafadzwa, Hama Egan, kuti, rimwe zuva apo ndaparidza mharidzo yangu yekupedzesera, ndanamatira munhu wekupedzisira uyo Ishe vanoda kuti ndinamatire, ndobva ndoenda Kumusha! Zvino pamangwanani aya erumuko, o, richava zuva rakadini, mufaro wacho! Pandichamira Ipapo, paya pachauya mambokadzi weZasi, ndinogona kuona runziro yaaive nayo! Ndichaona achiuya kumusoro Uko, Billy Graham, runziro yaaive nayo. Oral Roberts, nevamwe vose, vana Sankey, Finney, Moody, Calvin, Knox, nevakadaro. Zvino ndozoona boka rangu richiuya. O, ndiwo uchava mufaro, ndiko kuchava kupfekedzwa kwangu korona. Ndizvo chaizvo. Uye, nenyasha dzaMwari, ndinotarisa kuva nemamiriyoni akati kuti ikoko.

³⁸ Uye zvino ndinofanira kuti ndiende mhiri kwemakungwa munguva pfupi iri kutevera. Uye zvino, sekuziva kwangu, imo mumisangano yedu chaimo, imbofungai nezvazvo, ndave mumiriyoni yangu yechipiri yemweya yevanhu, yandakawanira Kristu. Uye ndi—ndinotarisa kuona akawanda, mamiriyoni akawanda achauzwa.

³⁹ Zvino, shumiro yerubhabhatidzo, uye zvino hu—hurongwa hwekuonana nevanhu nezvimwe. Uye, zvino, izvi zvinoramba zvichienderera mushure memusangano.

⁴⁰ Kana nguva ipi muri kudzoka kuti tizova nenhaurirano muri mega, kana zvimwe zvakadaro, ingofonerai mumiririri, Hama Mercier vari pano. Tinofanira kuva nemamwe marongerero, atinofanira kuve nawo. Tinovziviva izvozvo. Zvino hama Mercier, vanoanyora pasi, vanovanyora pasi

sekuuya kwavanenge vachiita, uye pandinongopedza hurongwa hwekuonana nevanhu, kwose kana kwapera, Ini... Pandinodzoka, ndinovafonera ndovaudza, “Ndapedza neboka riye.” Vanondipa rimwe boka idzva, ini hoyo ndobva ndoenda zvakare, muri kuonaka. Zvino, zvose zvinoshandwa kubva muhofisi iyo. Uye vonyatsoziva marongerero avanonyatsovaita kuti vaunze mumwe nemumwe mukati, avo vanokwanisa kupinda, munoono. Saka, tiri kufara kwazvo kuve nekahofisi kadiki aka kachishanda nenzira yakari kushanda nako. Saka ingori BUTler 2-1519. [Nhamba yefoni yakachinjwa.—Mupepeti.] Uye ndiyo...Kana kuti, kana ukafonera Jeffersonville, ingondifonera, zvino ivo vanopindura ikoko kuhofisi iyi. Uye maita henyu, nemutsa wenyu.

⁴¹ Zvino regai, tisati tangovhura Shoko raKe rakaropafadzwa... Uye rangarirai, mushure mekunge shumiro ino yangoti pere, neshumiro yerubhabhatidzo, Billy achange ari pano kuti ape makadhi omunamato anhasi manheru.

⁴² Zvino, manheru anhasi ari manheru echechi, Svondo manheru, ruzhinji rwevanhu vemuguta vanenge vari kunze mumachechi avo, nevakapoterredza muLouisville nekwakatenderredza. Vanenge vari mumachechi avo. Saka vachange vangori vekunze kunyanya. Nekudaro, ndinofunga zvichida tinokwanisa kuita mutsetse mukuru wekunamatira manheru anhasi tobva tanamatira mumwe nemumwe wavo. Ndiri kuvimba kuti tichadaro. Tine makadhi akati kuti apihwa.

⁴³ Ndi—ndinofunga, usiku hwapfuura, mushure meusiku hwapfuura, o, ndakangonzwa sekunge ndakanga ndichizonotora kumwe kwekuya, o, kubhururuka uri wega, munoziva, kwatinotaura nezvako. Kungoona, mutabhenakeri yedu ino diki yakare, zvakare, maoko achisimudzwa mudenga.

⁴⁴ Ndine kamukomana kadiki pano, kanonyatsori kamukomana kazere, Joseph mudiki. Angori nemakore angaita matatu. Zvino vanhu vose pavanga vachidanidzira, iko hakana here kusvetukira pakati panofamba nevanhu ndokukanda maoko ako mudenga, ndokutanga kudandizira nekurumbidza Ishe, ipapo chaipo pakati panofamba napo nevanhu kunze uko! Uye ndinofunga, mangwanani ano, apindazve imomo nekahanzvadzi kake kadiki, ndokukaruma paruoko, saka ndamuudza kuti kudandizira kwake hakuzonyatsoita zvakanaka kana achiita maitiro akadaro. [Hama Branham neungano vanoseka—Mupepeti.] O, ini zvangu! Tuvanhu tudiki utwo, tunonyatsokwanisa kukunakidza kwazvo, handiti? Saka, ndizvo chaizvo, zvazvanga zviri, akangoona vamwe vese vachizviita zvino ndokufunga kuti ndizvo zvaanongofanira kuitawo, zvakare, uye zvichida obva angotevedzera ari mumashure medu, nenzira yatainge tichiita.

45 Zvino tine Shoko raKe rakaiswa pano rakavhurika. Zvino ngatitaurei naYe pamusoro paRo. Zvino kungo . . .

46 Mwari vanodikanwa, apo tichiuya kwaMuri iye zvino, tichiremekedza, murunyararo, takabengenuka, uye tiri mukutenda, tichitenda kuti Imi munonzwa uye muchadavira munamato. Nekuti, tinouya nemuZita rakazvikwanira mune zvese reMwanakomana weNyu, Ishe Jesu, Anova iYe asingakundikane, zvino ndokupa vimbiso, yekuti, “Kana mukakumbira Baba chinhu chipi nechipi muZita raNgu, Ndichazviita.” Zvino tinoziva kuti tichagamuchira chaicho chatinokumbira, nekuti tinouya nemuZita raKe. Nekuti hatina rimwe Zita ratingakwanise kusvika kwaMuri naro, Jehovha Mwari samasimba, mukuru. Uye tinouya nemunyasha dzaKe, tisingapupure kuti tinokodzera chimwe chinhu, asi nekuti Akatireverera, pakuti Akatifira isu. Uye Akamiririra zvivi zvedu, uye tinonzwa kuti tinokwanisa kumira takaruramiswa mumaonero eNyu, kubudikidza nerufu rwaKe. Ndiko kutenda kwedu. Uye tisingakumbire chinhu chinozova chakaipa, asi chinozova chakanaka kune mumwe nemumwe wedu.

47 Naizvozvo, Ishe Mwari, taurai nesu kuburikidza neShoko reNyu. Uye mutaure nesu muInzwi iroro, kuti tigokwanisa kunzwisisa uye tigoziva kuti tinova vakadzi nevarume, vakomana nevasikana vari nani sei. Tichiziva kuti gedhi guru mhiri uko pakufa, kuti, nguva yega-yega hana yedu apo painorova, tinenge tichisebera nekurova kwayo kamwe kugedhe iroro rinova ratichapinda nepariri tose. Uye ipapo tichiziva, kuti, mushure mekunge tave imomo, hapachisina kana mumwe mukana zwawo zvakare wekuita yanano. Hakuzova zvakare zvokuti tizokwanisa kuva nemukana yu watinawo iko zvino. Uye tisingazive kuti angave rinhi apo tichayambuka mutsetse uyu, O Mwari, uyai kwatiri nekukurumidza uye mutiunze kupfungwa dzatinofanira kuva nadzo, uye tigoziva kuti tinosvika sei kwaMuri, nekukumbirira mhosva yedu pamberi peNyu nekukumbira ngoni. Zviitei, Ishe.

48 Tiri vanhu vane zvisiwo. Tiri makwai, ari kudanira kuMufudzi achatitungamirira nemuhupenyu, uye nekudzika tichipfuura nemumupata wemumvuri werufu. Sezvakaaurwa, naDhahhidhi, wakare, “Handizoty pandinosvika panzvimbo iyoyo,” nekuti Mufudzi achanditungamirira kupfuura nemunzvimbo iyoyo, kusvikira tsoka dzedu dzazorora zvakasimba paMahombekombe aya anobwinya, uko kuchembera nekurwara nekusuwa nerufu zvichatiza kubva patiri, uye tichave takasununguka, Ikoko, nokusingaperi.

49 Taurai, Ishe. Aka kamudikani kemumwe munhu kane maziso akajeka, kakagara pano pamberi pangu, muhwiricheya iyi; handisi kukwanisa kubvisa maziso angu pakari nhasi; akaremadzwa zvakananyanya neporio iyi, izvo zvakaitwa newakaipa kwaari. O Mwari, unzai rudzikinuro kumudikani

mudiki uyo. Zviitei, Ishe. Kwete kuna iye bedzi, asi kune vamwe vari pano vakamirira. Regai Mweya Mutsvene weNyu uvasimudzire mudenga chaizvo, mangwanani ano, zvekuti vanopfuura kuzunguza kwose kwekupokana nechidziviso chese chechivi, kuti Mweya weNyu Mutsvene ugokwanisa kufamba pavari nekuvapodza. Itai zvinhu izvi, Ishe. Nekuti tinokumbira maropafadzo aya kuitira kubwinya kweNyu, muZita reMwanakomana, Jesu Kristu. Amenii.

⁵⁰ Zvino, ndasarudza musoro wenyaya mangwanani ano... Uye imi machinda madiki mundiregererewo, nekutora nguva yese nevakuru, uye kirasi yenyu haipo pano, kuti iveko mangwanani ano. Asi ndinoda kuti munzwewo, zvakare, zvandinoda kuverenga. Uye ndinoda kuverenga, mangwanani ano, kubva muna Samuerei Wekutanga, chitsauko 3.

⁵¹ Ndinoda kutora musoro wenyaya: *Inzwai Inzwi RaKe*. Izvozvo zvinoita kuvasikana vadiki nevasikana vakuru, uye vakomana vadiki nevakomana vakuru, vese. Rangarira musoro wenyaya: *Inzwai Inzwi RaKe*.

⁵² Zvino, imi muri kuvhura muMagwaro, kuna Samuerei Wekutanga, chitsauko 3, ndiwo maverengerero ainoita pandima gumi dzekutanga.

Zvino mwana Samuerei waibatira JEHOVHA pamberi paEri. Asi shoko raJEHOVHA rakanga richinzwika kashoma pamazuva iwayo; pakanga pasina chiratidzo chaive pachena.

⁵³ O, ndingade sei kugara ipapa kweminiti, zvichida pane imwewo nguva. Panongondibata. Regai ndingopaverenga zvakare, ndima iyoyo.

Zvino mwana Samuerei waibatira JEHOVHA pamberi paEri. Asi shoko raJEHOVHA rakanga richinzwika kashoma pamazuva iwayo; nokuti pakanga pasina chiratidzo chaive pachena.

⁵⁴ Munoono kuti chiratidzo chii here, zvino? Ishoko raJehovha riri pachena. Maona? Uye Shoko raShe rainzwika kashoma.

Zvino zvikaitika kuti nenguva iyo, Eri wakati avata pasi panzvimbo yake, Meso ake zvino akatanga kuona madzerere, asingagone kuona kwazvo;

Zvino mwenje waMwari usati wadzimwa mutembere yaJEHOVHA, pakange pane areka yaMwari, naSamuerei akange avata pasi;

Kuti JEHOVHA akadana Samuerei: iye akapindura, Ndiri pano hangu.

Akamhanyira kuna Eri, akati, Ndiri pano hangu; nokuti mandidana. Zvino iye akati, Handina kukudana; chivata hakoze. Iye akaenda akandovata.

Ipapo JEHO-. . .Ipapo JEHOVHA akapamhazve kudana akati, Samuери. Zvino Samuери akamuka akaenda kuna Eri, akati, Ndiri ini. . .Ndiri pano hangu; nokuti mandidana. Zvino akapindura akati, Handina kukudana, mwana wangu; chivata hakozeve.

Asi Samuери wakanga achigere kuziva JEHOVHA, uye shoko raJEHOVHA rakange richigere kuzarurwa kwaari.

Zvino JEHOVHA akapamhazve kudana Samuери rwechitatu. Iye akamuka akaenda kuna Eri, akati, Ndiri pano hangu; nokuti mandidana. Ipapo Eri akaziva kuti ndiJEHOVHA wakadana mwana.

Saka Eri akati kuna Samuери, Enda, chindovata hako: zvino zvichaitika kuti, kana iye akudana, iwe uchatu, Taurai, JEHOVHA; nokuti muranda wenyu unonzwa. Naizvozo Samuери akaenda akandovata panzvimbo yake.

Ipapo JEHOVHA akauya, akamira, akadana sepanguva dzimwe dzokutanga, Samuери, Samuери. Zvino Samuери akapindura, Taurai henyu; nokuti muranda wenyu unonzwa.

⁵⁵ Inzwi raMwari! Kunzwa Inzwi raKe muzuva iroto chaive chinhu chisinganyanyowanikwi. Munoono, pakanga pasina chiratidzo chaive pachena. Uye chaiva chinhu chisinganyanyowanikwi, Inzwi chairo raMwari, nekuti vanhu vakanga vabva vachienda. Vaive nechechi, muzuva iroto, yakanga isingatomboteveri mirairo yaShe. Vaive ne—nemushumiri ainzi Eri. Uye ainge abva pana Mwari, nekungodzidzisa bedzi mirawu yaidiwa kutendwa nevanhu. Kana zvisiri zvakafanana kusvikira zuva rino! Akangodzidzisa vanhu, uye a—akatora vaive vakanakisa kwaari, uye akaita kuti vana vake vatore nyama yakanakisisa kubva ipapo, hochekeo, kubva pa—pachipiriso. Uye zvanga zvasvika pakuti chipiriso ndicho changa chava chinhu chikuru chacho. Uye Samuери, asingorina hany’a nenzira yaaibata nayo mirawo yaShe. Zvino Shoko raMwari chairo chaive chinhu chisinganyanyowanikwi.

⁵⁶ Ndiyo nzira yazviri nhasi. Tinoenda kuchechechi uye toona vanhu vachipinda mukati uye vachifambisa chirongwa chikuru pakuti, “Tinoda kuita sangano redu, gore rino, vamwe vakawanda kudai. Unza tsamba yako kubva kune imwe chechi yako, uye ubatane nesu.” Uye nemasirogani akaita sokuti, “Imwezve miriyoni muna 44.” Uye nezvose zvakadaro, vanochema, vachiedza kukura kudarika rimwe sangano riri pedyo. Zvino mukudaro, takaderedza zviyero pasi, zveBhaibheri. Takasuduruka, ndokubva tatanga kudzidzisa zvinhu zvakasiyana.

57 Vaporofita vakataura pamusoro pemazuva ano, kuti apo, “Ivo, pakudzidzisa, vachadzidzisa dzidziso dzevanhu kwete Dzidziso yaMwari.”

58 Zvino takaona zvakaanda zveizvozvo, uye zvakaenderera mberi kwenguva refu, kusvikira, nhasi, Shoko raShe rava chinhu chisinganyowanikwi, zvekuti mumwewo munhu anokwanisa kuuya oti, “ZVANZI NAJEHOVHA.” Zvino, takava nekutevedzera kwakawanda kweizvozvo. Satani anyatsori chaizvo pabasa. Zvino makore akawanda akapfuura, vanhu vaitya kutaura izvozvo kusiya kwekunge vari Ishe. Asi, nhasi, havatomborina hanyin’a. Asi chinhu chisinganyowaniki kunzwa Inzwi raShe, pamwe nekuwana munhu anokwanisa kuti, “Ishe vataura neni.” Munocherechedza kuti pakati pevanhu, zvachose, kuti havachambonzwa nguva apo pavanoti, “Ishe vataura neni.”

59 Apo, varume nevakadzi pavaisigara vachinamata usiku hwose, uye misha yavo yainge yakaiswa muhurongwa, neBhuku raIshe, uye Mwari vainge vari vekutanga mumusha mavo.

60 Munooni, tine zvinhu zvakaandisa zvatinoina mberi kwaShe. Hamukwanise kuva nemusangano wemunamato, nekuti vaGodfrey variko manheru ano. Hamukwanise kuva nemusangano wemunamato, nekuti *Tinoda Susi* iriko manheru ano. Kana kuti, imwe mhando yehupenzi husina maturo hwakadaro, zvinotora nguva, uye hatisisina nguva yekunzwa Inzwi raShe. Uye avo vanozviti ndivo Makristu, vanongopfugama pasi, kukamunamato kadiki seaka, sokunge kakagadzirwa kumba, “Ishe, ndiropafadzei ini nemhuri yangu, mutichengetedzewo. Ave mangwana.” Zvino mangwanani anotevera, womuka zvino woti, “Mutitungamirire muzuva rose. Muve nezuva rakanaka.”

61 Tinofanira kumirira panaShe. Munooni, tinoita kutaura kwose. HatiMupe mukana kuti apindure achitaurawo kwatiri. Kutu, kana taizonamata, tonamata kusvikira munhu wedu wemukati asvika muHupo hwaMwari, zvino zvadaro tongozorora toterera kuInzwi raKe.

62 Asi kwava nemanzwi akaisvowanda, nhasi, anotora Inzwi raIshe kubva kwatiri. Pane inzwi remafaro. Vanhu vakawanda vari kuriteerera, apo pavanokwanisa kuenda vachiva nenguva yakanaka. Uye vazhinji vavo vari kutaura kuti Makristu. Imwe mhando ye rock-and-roll yekare iri kuuya, havatombokwanisi kuteerera kune chine humwari. Vanoti, “Saka, ndiri Mukristu, ndinofanira kuverenga ndima imwe chete muBhaibheri nhasi. Hongu, ‘Jesu akachema.’” Ndizvo zvega. Voenderera mberi. Asi chaizvo kunyatsoenda pasi wonamata, vane zvimwe zvinhu zvakaandisa zvekuita. Pane manzwi akawandisa munyika, zvinhu zvakaandisa zvinokwezva maonero edu kubva pana Mwari.

⁶³ Uye nezuro, apo mudzimai wangu neni tanga tamhanyira kuchitoro chikuru, kundotenga magirosari. Uye ndaimhanya nekuti ndanga ndanonoka kwandaiddiwa uye nezvinhu, uye ndichimhanya zvakananyanya. Zvino paiva nekakomana kadiki kanga kakamira ipapo, kave kukotsira, zvino kamwe kasikana kadiki kakauya naipapo kakapfeka kamudhebhe kadiki, kanova kemunwe murume. Aifanira kudaro, nekuti akagadzirirwa murume.

⁶⁴ Zvino Bhaibheri rinoti, “Chinyangadzo mumaziso aMwari, kuti mudzimai aupfeke.”

⁶⁵ Uye akazadza pendi yakawanda iyi pano pamuromo, uye maziso ake achinge akaita seave kuda kukotsira, akati, “Ko ndekupi *kwakati-kwakati?*” kukakomana kadiki kaye.

Akati, “Unogotarisisira sei kuti ndizive?”

⁶⁶ Kakati, “Unorangarira, handina kupinda kusvikira six o'clock mangwanani ano.” Uye kakanga kasingapfuuri makore gumi nemaviri okuberekwa.

⁶⁷ Zvino, Jesu, pamakore gumi nemaviri, uyo aiva muenzaniso wedu, akati, “Hamuzive here kuti Ndinofanira kunge Ndiri pabasa raBaba vaNgu?”

⁶⁸ Ndosaka Inzwi raMwari chava chinhu chisisanyanyowaniki nhasi. Rakadzipwa, nemamwe manzwi akawanda akasiyanasiyana, zvinhu zvakanwanda zvinodzimaidda pamwe nekubvisa. Zvasvika pachiero chekuti manzwire edu ava nechiveve, kusvikira tisisanzwe Inzwi raMwari. Manzwiro edu, eapo patinofanira kuzvizunza, uye mocherechedza kuti muri varume nevakadzi, uye muri zvisikwa zvaMwari, uye makaiswa pano kuti mushumire iYe. Asi inzwi raSatani nevaporofita venhema, “O, iva wechimanjemanje!”

⁶⁹ Sezvandaitaura mazuva mashoma apfuura, ndaiuya kucheche, ndokubva ndabatidza redhiyo yangu. Zvino ndakanzwa chirongwa chaibva kuLouisville, chaiti icho vaidzidzisa vana vavo, mumacheche, kuti vangunwa zvishoma. Vachivaita vechimanjemanje, kuti vasazozviita nokupfuurisa.

⁷⁰ O, vanofanira kuvadzidzisa Kristu, kwete kunwa. Zvino izvozvo zvinoparadza nekuputsa nekukanganisa musha upi zvawo. Ko Inzwi raMwari ringataure sei pakati pemhuri yave kudhakwa nehviski, uye pfungwa dzavo dzaremadzwa nekuputa nekunwa, uye vachiraradza usiku hwese?

⁷¹ Varume vanomirira pana Mwari, vanopinda muHupo hwaKe. Uye kuuya muHupo hwaMwari zvakanogfanana nekubuda panze rungwanangwana, apo dova namaruva zvinenge zvose zvichitapira. Paunouya muhupo hwemunhu akadaro, unoziva kuti vanga vaina Mwari.

⁷² Mudzimai wangu ati kwandiri, tichiuya, mangwanani ano. Ati, “Billy, handitaure izvi kunakisa mumwe munhu.

Asi,” ati, “manheru apfuura,” ndinotenda, kana kuti mamwe emanheru, ati, “ndakagara nemumwe wevakadzi vechiAmishi mudiki, nemukadzi mudiki aive nekopisi diki mumusoro make.” Ati, “Zvino waikwanisa kuzviona kuti mukadzi uyu anga aina Jesu, nekuti aitapira. Mweya wake wainge wakapfava. Maziso ake akachena.” Hapana chivi kana chimwe chinhu chekuhwanda shure kwacho, kana chimwe chinhu. Anga ari muHupo hwaMwari. Manzwiwo ake anga asina kudzimaidzwa, nehwiki nefodya, nemhando dzose dzezvinhu zvemunyika. Anga avandudzwa kubva muHupo hwaMwari, achiverenga Bhaibheri rake, achinzvera Shoko raMwari.

⁷³ Asi, isu vemuAmerica vechimanjemanje, tinoitei! Uye vaporofita venhema kuseri kwepurupiti vachiti zvese zvakanaka. Ndiri kuita kunge ndiri mupfungwa yekutaura izvi. Kana ndiri kukanganisa, Mwari vandiregere. Ndine chokwadi kuti vazhinji vavo havazive Mwari. Uye ungoro haizokwanisi kurarama zviru pamusoro pemufudzi wayo. Ndosaka Gwaro richiti, “Vafudzi ava, vakaparadzira makwai zvakadini! Nhamo kwavari. Ndiwo mapazi asingabereki michero, achakwachurwa obva opiswa.”

⁷⁴ Zvinhu zvakaisvowanda zvinodzimaidza manzwiwo evanhu nhasi! O! Asi pakati pazvo zvese izvi, zvisinei nekudzimaidza kwese neinzwi rega-rega riri munyika nhasi! Mamwe acho, manzwi emafaro. Mamwe acho manzwi a—azere zvivi, kuti akwezve vanhu. Asi zvisinei kuti chingavei chaizvozvo, Chokwadi chaMwari chinogara chiripo, “Uyo achanzwa Inzwi raNgu nekuNditevera!” Varume nevakadzi vachanzwa Inzwi raMwari, Mwari vachiri kumirira kutaura kumunhu wese anovhura nzeve dzake kuti anzwe Inzwi raMwari.

⁷⁵ Kana munhu, ari ani, uye mufundisi . . . Nguva zhinji, vanhu vanoti, “Hamungaite *izvi* here? Hamungamhanyire *kuno* here? Hamungaite *izvi* here?” O, ndinoda kuzviita. Asi ndinofanira kugara muHupo hwaMwari kana ndichazoita chinhu chacho zvakanaka. Zvino vanhu voti, “O, Hama Branham mumwe weavo vanozvitsaura kune vamwe.” Hazvisirizvo. Ndinoda vanhu, asi pangori nezviuru zvavo. Asi ndinofarira kugara naYe, kuti ndione icho chaAnoda kuti ndivaudze. Pane imwe nzvimbo, ingoteererai, Achava nechimwe chinhu chako, chaAnoda kuti uzive nezvacho.

⁷⁶ Mufudzi, musambobatikana zvakananyisa asi kuti mugare muHupo muchiteerera Inzwi raKe. Mwari vanogara nguva dzose vachichengeta Shoko raVo. Uye hazvina basa kuti nguva dzingashate sei, kuti chechi yako ingadzidzise zvinopesana nazvo sei, Jesu Kristu achiri kungoda kutaura Inzwi riya diki rakadzikama kuna ani nani achateerera kwaAri. Achakagadzirira kuzviita, kana tikangozvinyararidza.

⁷⁷ Asi tinomhanyiramo, tichishushikana, uye toti, “Nhai, mufundisi, ndingajoinha chechi ino here?”

“Unobva kuchechechi ipi?”

“*Yakati-ikati.*”

“Zvakanaka, tiunzire tsamba yako.” O, ini zvangu!

“Ndingajoinha chechi ino here?”

⁷⁸ “O, hongu. Uya hako, zvino tichangokusasa zvisomanana, nemvura, toisa zita rako mubhuku. Unobva wawana kodzero yekuyanana.”

⁷⁹ Handiti, veKirabhu yeMasonic vane hurongwa huri nani kudarika ihwohwo. Ichokwadi. VeKirabhu yeMasonic nemamwe makirabhu ose akanaka, asi zvakadaro haisi imba yaMwari. Ndipo apo Mwari vanotaura. Makirabhu iwaya anoedza kukuita kuti uve nehunhu hwakanaka, asi Mwari vanokuita kuti uve wakarurama kuburikidza naJesu Kristu, Mwanakomana waVo. Zvino, pane bumbiro remutemo wemazvibatiro kwazviri; Mwari vane Kuzvarwa patsva kwako.

⁸⁰ Asi teerera kuInzwi raKe diki rakadzikama. Mumwe nemumwe wenyu imi vanhu vanopupura kuva Makristu, zvinyararidze uri pamberi paKe. Usaregere kuwacha kuchikudzivisa. Usaregere basa richikudzivisa. Pasave nechinhu chinokudzivisa. Usarege mumwe munhu achiziva zvauri kuita. Ingoenda pamberi paKe. Enda kumasango pane imwe nzvimbo. Tsaukira parutivi rwemugwagwa. Enda mukamuri yepakavanda wovhara mukova. Apo vana vaenda kuchikoro, ipapo enda pamabvi ako. Wambonzwa mhando dzose dzamanzwi kwese-kwese, asi ingoenda pasi wobva wagara ipapo kusvikira manzwi aya anyaradzwa zvino iwe wotanga kusimudzirwa. Rinokushandura. Rinokuita kuti unge wakasiyana, sezvaRakaita kuna Samueri mudiki. Richaita chimwe chinhu kwauri kana ukangozviita. Zvino, Rinokuita kuti uve zvaunofanira kuva. Rinokuita kuti uve mhando yeMukristu waunofanira kuva.

⁸¹ Zvino ngatidzokerei tichibva kune zuva rino rechimanjemanje, kusvikira kune zuva rakapfuura. Ngatidzokerei kumazuva enguva dzepakutanga. Zvino Inzwi raMwari iri rakauya kuvanhu mumafambiro ose ehupenyu, mumazera ose. Zvisinei kana uri murimi, kana uri mugadziri weshangu, chero zvaunenge ungori, Mwari vachiri kutaura. Kana uri mutadzi, kana uri pfambi, chipfeve, kana uri chidhakwa, kana uri (chii?) nhengo yemukereke yemunharaunda, zvezita chete—zvezita chete, chero zvaunenge uri, Inzwi raMwari rakangomirira kutaura newe.

⁸² Ndiri kufunga izvezvi nezvaMosesi, paakange atove nemakore makumi masere okuberekwa, uye ava nemakore makumi masere ekudzidziswa zvebhaibheri. Uye aiziva

Magwaro; aiaziva zvakanyanya. Uye aiva nevimbiso kwaari, yekuti aizova mudzikinuri wevanhu vake. Asi, zvakadaro, achingoziva Magwaro uye ari nhe—nhengo yechechi zvetsika yechechi yechimanjemanje muzuva iroro, akatora nyaya yacho ndokuisa mumaoko ake ndokuedza kuzviita. Akauraya munhu wemuEgipita. Unoona here zvaunoita kana usina kuteerera kuna Mwari? Unongozvivhiringidza.

⁸³ Uye kana dhiyabhore, mangwanani ano, akati, “Usabhabhatidzwa.” Mumwe oti, “O, wozozviita pamberi apo.” Mumwe oti, “Nyatsova nechokwadi kuti uri kuviza zvauri kuita.” Zvino mumwe wacho oti, “Ucharasikirwa nenguva yakanaka.” Nzira bedzi yekuzvigadzirisa, kuenda nazvo kuShoko raMwari. Asi vanhu, nhasi, havachaita sokunge vanoda kuita izvozvo.

⁸⁴ Uye, Mosesi, akambenge ari kuna vanarabhi vepamusoro-soro, asi vakange vazova vetsika uye vakatonhora. Akange anzwa nyaya yaakaudzwa naamai vake, uye kuti anga avigwa sei mutsanga, uye kuti makarwe aya mahombe akatadza kumubata sei. Uye kuti, ichiyerera ichidzika murwizi rwuya, maive nekamwana kadiki aka. Uko ayo . . .

⁸⁵ Mazikarwe aya anga anyatsofuta. (Izvi ndezvevana vadiki.) Anga afuta, nekudya vana vacheche ava. Vaive nevakadzi vaiva nemhino dzakakombama, mapurisa echikadzi, ainge asina kumbobvira aita mwana, vainge vasingazive kuti rudo rwemwana rwaive rwakaita sei. Handiti, vaingoenda kunze uko zvino vatora nekuuraya twuvana utwu tudiki, votukandira murwizi. Mazikarwe aye akange afuta, netuvana utwu.

⁸⁶ Uye, zvisinei, Mwari vakaisa pamwoyo waamai kuisa mwana wavo murufu chaimo. Hamuone here kuti waiva mufananidzo waKristu? Akaenda murufu chaimo. Zvino rimwe nerimwe remakarwe aya aiuya kukabhasikiti kadiki aka kaifamba kachidzika nerwizi. Munoziva kuti sei aisakwanisa kuzviita, sei aisakwanisa kudya kamwana kadiki aka? Paiva neNgirozi yainge yakagara ipapo. “Ibvai pano.”

⁸⁷ Sei? Mwari vanoraira Ngirozi dzaVo kuti dzigotarira pamusoro pevanhu vaVo. Usatyiswe, mudiwa. Mwari vari kukutarisa. Dhiyabhorosi angayedza kuita chimwe chinhu kwauri, asi Mwari vakuru kumupfuura. Maona?

Saka, makarwe anofanira kutiza kubva pakabhasikiti kadiki aka.

⁸⁸ Uye, zvisinei, Mosesi aiziva zvinhu zvose izvi. Asi, zvisinei, papera makore makumi mana ekudzidziswa, zvino ipapo murenje, akaramba achiedza kutora chinhu ichi, mumaoko ake.

⁸⁹ Tinoziva Bhaibheri, zvinonzi naMwari zviitwe, uye zvisinei isu toti, “Zvakanaka, iye zvino, tichaita Izvi zvive nenzira *iyi*. Izvozvi, kungoti, mazuva ezvishamiso haachisiko zvachose. Tinoziva hatitendi kuti tichiri kuaona zvakare, uye

tinotenda kuti mazuva ezvishamiso akapfuura. Uye kusasa kwakangofanana nekunyudza. Uye 'Baba, Mwanakomana, neMweya Mutsvene' zvakangofanana neZita raIshe Jesu. Uye saka tichango... Vazhinji vavo vari kungoenda nenzira iyoyo, saka tichangoitawo izvozvo, nesuwo."

⁹⁰ Mosesi akambenge ari murume wezvemauto. Uye akafunga kuti nzira yaainge akadzidziswa, semurume wezvemauto, kuti aikwanisa kungouraya vaEgipita ava neruoko rwake. "Zvinongofanana nezvakaitwa naMwari." Makambofunga nezvazvo here? Munhu wese anopomera Mosesi nekuuraya munhu mumwe chete. Zvino akazodzoka zasi ikoko nechizoro cheMweya Mutsvene achibva auraya zvose, hapana akataura chinhu pamusoro pazvo. Akauraya hondo yose yaFarao, asi Mwari waiva mazviri. Mwari vakanga vasiri mune zvepakutanga.

⁹¹ Uye zvino Mosesi, akati tuba kuzara nedzidziso yechechi, aizova farao aitevera. Uye tinomuona, nazvino asati aziva Mwari.

⁹² Asi mamwe mangwanani, nechekuseri kwegwenga, murume mutana wemakore makumi masere okuberekwa, ndebvu dzake dzakaremba zasi-zasi, akaona gwenzi raipfuta. Zvino akatsaukira padivi kuti aone kuti chii chaitika. Zvino paakasvika pedyo negwenzi, akanzwa Inzwi. Mwari vakatozomunyararidza kwemakore makumi mana, Vasati vakwanisa kuti vataure naye. Uye hatikwanise kugara takanyarara kwemaminitsi gumi, kuti Mwari vakwanise kutaura nesu, pane zvose kutinhira neruzha zvatiinazvo zvezuva rino.

⁹³ Uye zvisinei, Mosesi, kwapera makore makumi mana, akamira ipapo, uye ari muHupo hwegwenzi iroro. Uye Inzwi rimwe chete iroro rakamudaidza, akaziva zvakawanda pamusoro paMwari mumaminitsi mashanu, mushure maizvozvo, kudarika kudzidza kwose kwaakanga adzidziswa mumakore makumi masere. Rakagadzira munhu akasiyana kubva maari.

⁹⁴ Richagadzira murume nemukadzi akasiyana kubva mauri, kana ukamira wakadzikama zvakareba zvakakwana kuti unzwe Inzwi raKe, sezvakaitwa naSamueri. Mira wakadzikama. Usaite manyawi. Kana uchida chimwe chinhu chaMwari, Mukumbire; ipapo womira wakadzikama zvino woteerera, woona kuti Achataura kuti kudini pamusoro pazvo. Ingovhura mwoyo wako, woti, "Ko zvodini, Ishe Jesu?" Wongogara ipapo. Kana Akasapindura maawa mashanu okutanga, ipapo mira imwe. Kana Akasapindura nhasi, Achazopindura mangwana. Kana Akasapindura svondo rino, Achapindura svondo rinotevera. Gara ipapo kusvikira Apindura.

⁹⁵ Inzwa Inzwi raKe richipindura, mumoyo mako, richiti, "Hongu, Ndini Jehovha anokupodza." Zvino zvinenge zvapera. Unochikwanisa kuchigadzikana zvino. Maona?

“Ndini Jehovha Anoregerera zvivi zvako zvose. Zvino chienda usazotadza zvakare. Handikupomere.” Zvino unogona kuchienda wasununguka. Zvawave zvakanaka. Asi unoda kuti uve nechokwadi kuti wanzwa Inzwi iroro richitaura. Mosesi akaRinzwa. Akava murume akashanduka.

⁹⁶ Tarisai Isaya, muporofita. Semurume wechidiki, akava nazvo zvakagadzirwa. Mambo mukuru aidikanwa Uziya, mumazuva iwayo, murume wakarurama, murume wakanaka. Aida Isaya, nekuti aiziva kuti aiva muporofita. Zvino saka aingozembera paruwoko rwaMambo. Zvose zvaaida, handiti, Uziya waimupa. Uye nguva yose paaida chii zvacho, handiti, mambo wakanaka aimupa. Asi pakasvika nguva iyo mambo akafa.

⁹⁷ Kubudirira kunogara nguva dzose kuchiparadza vanhu. Chingu chakawoma kutaura. Asi kubudirira kunitora munhu kubva panaMwari. Mwari vakataura pane imwe nzvimbo, muBhaibheri, chimwe chinhu chakadai, zvino Akati, “PaNdakakuropafadzai, Ndikakupai zvakanaka. Pamaive varombo uye musina chinhu, Ndakauya kwamuri, uye mukaNdinzwa nekuNdishumira. Asi paNdakakuropafadzai ndikakupai zvakanaka, ipapo makatendeudzira misoro yenyu kubva kwaNdiri.” Ndizvo zvakaitwa neAmerica, vakatendeudza misoro yavo.

⁹⁸ Ndizvo zvakaitwa nemachechi. Unokwanisa kugara kunze pamakona, uye wova nezvivakwa zvakanaka zvikuru, uye namamiriyoni amadhora pa . . . akaiswa mairi, nezvinhu zvose zvingori nyore sezvazvinokwanisa kuva. Ndiko kusaka musina nguva yekunzwa Inzwi raMwari. Asi mirirai kusvikira nguva ichauya apo pazvinenge zvatorwa, zvino muchashuva kuRinzwa. Zvinhu zvose zvichakanaka izvozvi, asi nguva iri kuuya pazvinenge zvisisina kudaro.

⁹⁹ Saka, Isaya, aikwanisa kuzembera paruwoko rwamambo. Uye aiva murume wechidiki aidikanwa, uye muine mweya wakanaka waive mumurume wechidiki uyu, saka mambo vaimuda. Uye rimwe zuva, zvakanaka zvakanamutsigira zvakanabviswa kubva pasi pake. Mambo akafa. Zvino pakafa mambo, ipapo Isaya aifanira kuchienda oga. Zvino ipapo akatanga kutarisa zvakanamupoterredza, ndokuona kuti vanhu vose vakanga vasina kuita samambo.

¹⁰⁰ Muchakavirwa kunze, mamwe amazuva aya, kubva mune vanosanganisira masangano akaita serino. Ichauya nguva apo uchange uchifanira kuva nhengo yesangano, kana kuti hauzokwanisi kunamata. Sezvamunoziva, Rugwaro rwunoti zvichadaro. Izvozvi vanongokusekai chete. Asi pachava nenguva apo pachava nekurambwa, nekuti munembo wechikara unofanira kuuya. Unotozofanira kupinda mumubatanidzwa wemakereke, chikara sezvachiri muRome, kana kuti

hauzokwanisi kunamata zvachose. Ndizvo zvinotaurwa neGwaro. Ndipo apo paunofanira kuzochema sezvakaita Isaya.

¹⁰¹ Zvino akaburukira mutemberi, uye akazocherechedza zvino. Akasimudza maoko ake ndokuti, “O Ishe, ndiri munhu wemiro mo ine tsvina.” Unofunga kuti wakanaka, asi mira kusvika nguva iyi yauya. “Ndinogara pakati pevanhu vane miromo isina kuchena.” Chii chaakaita? Akasvika pakuperera.

¹⁰² Zvino paunoperera pamusoro pechinhu ichi, chimwe chinhu chinoitika. Hauna kunyatsoperera zvakanakwana. “O, zvakanaka, ndakajoina chechi. Zvatoita.” Asi unofanira kuperera pamusoro pazvo. Unofanira kunyatsova unoda Mwari.

¹⁰³ Jesu akati, “Vakakomborerwa avo vane nzara nenyota yekururama, nekuti vachazadzwa.”

¹⁰⁴ Asi kana chero bedzi uchiri kugutsikana nezvinhu zvemunyika, ko Mwari vanozotaura newe sei? Unoti, “Mwari havasati vambotaura neni.” Sei? Iye anoda. Asi wakanyanya kuzadzwa nezvinhu zvemunyika. Ndiro dambudziko redu nhasi. Tinoisa nguva yedu yose pazvinhu zvemunyika, nemafaro enyika, tosapa nguva kuna Mwari. Ichokwadi.

¹⁰⁵ Zvino, tinoona kuti Isaya akasvika pakuperera. Ndokubva adanidzira, nokureurura zvivi zvake, uye ndokureurura zvivi zvevanhu. Paakapedza kureurura, akanzwa ruzha nechepamusoro pake. Zvino paakatarisa kumusoro, paiva nemaKerubhi, aibhururuka achidzoka achienda muimba iyi. Mapapiro akavhara zviso zvaWo, nemapapiro akavhara tsoka dzaWo, uye achibhururuka nemapapiro, achidanidzira, “Mutsvene, mutsvene, mutsvene, Ishe Mwari Samasimba.”

¹⁰⁶ Pane chinhu chaitora nzvimbo. Isaya akasvika pakuperera. Mwari vakasvika pabasa. Zvino Isaya ndokudanidzira, “Ndine miromo isina kuchena,” nekuti Inzwi rakange richangobva kutaura. Rakamushandura.

¹⁰⁷ “Ndiani achaTiendera?” ndizvo zvakanakura Inzwi. “Ndiani achaenda? Ndiani angada kumira mumukaha, pakati peboka revadzidzi veBhaibheri? Ndiani achaenda muzuva ranhasi, achitaura kuti iNi ndichiri Mwari? [Hama Branham vanogogodza papurupiti kaviri—Mupepeti.] Ndiani achaenda uye onopomera kusachena kwavo? Ndiani anonokoromorerwa pasi masangano avo uye ovaka masimba aMwari mupenyu zvakare? Ndiani achaenda?”

¹⁰⁸ Isaya akati, “Ishe, ndisati ndakwanisa kuenda, ndinofanira kushandurwa.” Kumwe kwekutya kudiki uku pamwe nekushushikana kwaitofanira kumusiya.

¹⁰⁹ Saka ndizvo zvazvinoita nemunhu wega-wega anodanwa naMwari! Unofanira kuberekwa patsva, woshandurwa nekuitwa mutsva. Kwete kufungidzira; asi kubva pamwoyo

wako, chimwe chinhu chinonyatsotora nzvimbo. Uye imwe yeNgirozi . . . “Kana ukakumbira, uchagamuchira.”

¹¹⁰ Imwe yeNgirozi yakaenda kuartari yendarira, uye ikatora mbato ndokusvikira ikatora zimbe reMoto mupenyu, uye ndokumhanyira kuna Isaya zvino ikariisa pamuromo pake. Ikati, “Zvino wachena. Enda, utaure Shoko.” Isaya wakashandurwa mushure mekunge anzwa Inzwi iri.

¹¹¹ Zvino mumakore ake okupedzisira, akanyora Bhaibheri rose rakazara. Akatangira muna Genesi ndokuperera muna Zvakazarurwa. Mune mabhuku makumi matanhatu nematanhatu emuBhaibheri; mune mazvaputa makumi matanhatu nematanhatu aIsaya. Sei? Nekuti akasvika pakuperera, munguva apo akaona Richinyanyisa kudiwa.

¹¹² Dhanieri, zasi muBhabhironi, sezvatakataura nezvake manheru apfuura. Akanga atsunga mumwoyo make kuti akanga asingazovisvibise nedzidziso dzechibhabhironi. Asi rimwe zuva, zasi ikoko, Dhanieri wakapinda pakuve nezvaaida. Uye akaziva kuti aida kunzwa Inzwi raMwari, kunyangwe aiva neMagwaro. Asi aitoda kuti anzwe Inzwi raMwari. Uye akaenda zasi kune *rumwe* rwizi. Uye haana kungoenda zasi ikoko uye ndokusiya akamisa ngoro yake zvino ndokugwadama pasi mutsanga, ndokuti, “Ishe Mwari, ndinoda kuKunzwai. Muri kupi?” Kwete. Hauzviite nenzira iyoyo. Isaya akanga atora ngoro yake, nevatyairi, zvino ndokunge aenda zasi kurwizi zvino ndokuvati vadzokere. Ainge ari kuzogara kusvikira anzwa. Ndiyo nzira yacho. Akaperera pamusoro pazvo.

¹¹³ Aitofanira kuenda kure achibva pamasoja ese, nevanzveri venyeredzi vose, nevarume vachenjeri, vese vanachiremba vedzidzo yebhaibheri, nevamwe vakadaro, vaiedza kumuudza, “Izvi! Ita *izvi*, Dhanieri. Ita *izvi*, Dhanieri.” Asi akabva kwazviri zvese izvi. Ndiyo nzira yaunofanira kuita nayo. Zvino akadzika zasi kurwizi, akagara ipapo kwemazuva makumi maviri nerimwe, achiita mutsimba neMutumwa waJehovha.

¹¹⁴ Asi tinoudzwa kuti akatarisa kunze pamusoro pemvura. Ipapo akaona Mutumwa akamira, negumbo raKe panyika nepagungwa. Uye akasimudza maoko aKe uye akapika neUyo anorarama nekusingapere-peri, “Apo zvinhu zvakaonekwa naDhanieri pazvinoitika, nguva inofanira kunge yapera.” Akange anonotswa mazuva makumi maviri nerimwe nekuda kwekuipa kwenyika.

¹¹⁵ Uye kana Anga akanonotswa mazuva makumi maviri nerimwe nekuda kwekuipa kwenyika, mumazuva ePezhiya, ko angava Akadii muzuva ranhasi? Anganonotswa nguva yakareba sei? Asi kutenda uko kusingafi, iyo nzara nekushuvira zviri mumwoyo wemunhu, zvisingati kwete kuna Mwari, asi zvinobatirira kusvikira Mwari vataura kubva Kudenga. Haukwanise kutamba neIzvi, neEvhangeri iYi. Haisi

yekutambwa nayo. Inofanira kunyatsonanga pakachipikiri, kagumi kubva mukagumi. Inofanira kuve yakakwana, kana kuti handizvo uye hazvishande. Inofanira kunge yakakwana. Dhanieri akanamata.

¹¹⁶ Tinoona muBhaibheri, munenge muchitsauko 8, muchitsauko 7 kana kuti 8 cheBhuku reMabasa, kuti, mumwe mufarise mudiki, wekuzviitisa aive nezita rokuti Sauro. O, anga akadzidza zvebhaibheri, zvakanaka. Ainge agara ari pasi pekudzidzisa kwaGamarieri uye anga aine Magwaro ese, nemunzira chaiyo yazvaifanirwa kuva, maererano nevakadzidza Bhaibheri vemazuva iwayo, o, akazviitisa nekuzvigadzira pachake. Zvino akaona vanhu vachiita chimwe chinhu chakanga chiri chemweya, uye dzidzo yake yebhaibheri yekugadzirwa nevanhu yanga isingaenderane naZvo.

¹¹⁷ Zvakafanana sei nezvanhasi! Akatendeka uye akaperera mumwoyo make, sezvakaita vanhu vazhinji, vanofunga kuti vanhu vakaberekwa patsva vanopenga. Vanofunga kuti kupodza kwaMwari nemasimba eMweya Mutsvene chimwe chinhu chavanotaura pamusoro pachu, asi ichokwadi.

¹¹⁸ Saka paakanga ari munzira yake achienda kuDhamasiko, rimwe zuva, nezvaanga arairwa zviri muhomwe yake, kubva—kubva kuna bhishopi wecheki, kuti aende zasi kunoparadza boka rose revaumburuki vatsvene vaizhambatata pamwe nokudanidzira, ne—nekusvetuka-svetuka, nekutaura mitauro isinganzwisisike, ne—nekupodza vanorwara. “Uye, handiti, iboka ramadhimoni,” ndizvo zvaitaurwa nevadzidzi vebhaibheri. “Enda zasi unovasunga, uye udzoke navo kuno vari mungetani!”

¹¹⁹ “Chokwadi. Ndiripo pakukushandirai, bhishopi!” O, ini zvangu! O, akanga ari munhu mukuru. Akanga aine D.D., Ph. D., munoziva. Saka ainge asvetukira pabhiza rake, uye achibva aenda, nevamwe vaimuperekedza.

¹²⁰ Asi ari munzira yake, kungaite kumasikati, Chimwe chinhu chakamupunzira pasi. Uye akawumburuka muguruva, semunhu anopenga, achipupa furo. Zvino akanzwa Inzwi richiti, “Sauro, Sauro, unoNditambudzireiko?” Chakanga chiri chii? Kwete kumwe kutau-...kuta...mudzidzi webhaibheri achitaura kwaari. Asi Inzwi kubva Kudenga, “Ko unoNditambudzireiko?”

¹²¹ Uye akatendeuka ari muguruva, uye kufinyama kwake kwese kwakazara guruva, uye misodzi ichiyerera pamatama ake, zvichida. Akati, “Ishe, ndiMi Ani?” Uye paakapenyera maziso ake, akabva aiita bofu sechiremwaremwa.

¹²² Ipapo pakamira Shongwe yeMoto huru pamberi pake. Uye Inzwi raibva maIri, richiti, “Ndini Jesu, Wauri kutambudza. Dzidziso yako yakagadzirwa nevanhu yanga isiri iyo.” Changa chiri chii? Panga pane chiratidzo chiri pachena. Shoko raMwari rakaitwa ramazvirokwazvo.

123 O, hama, ndizvo zvatinoda nhasi, zvimweze zvakaite saizvozvo.

124 Ndinongoda kutenda Ishe. Ava vasikana vadiki, vaiva mumahwiricheya usiku hwapfuura, vachiuya, vachifamba nhasi, vasisina mahwiricheya, saka vari kuenda. Uh-huh. Ishe vakuropafadzei, vasikana, makagara apo. [Ungano inofara—Mupepeti.] Chii chakazviita? Jesu mumwe chete akataura muInzwi rezvemweya kare ikako, achiri kungotaura nhasi.

125 “Sauro, Sauro, unoNditambudzireiko?” Sauro akava murume akashanduka.

126 Uye vanhu vanofanirwa kuti vashanduke nhasi pavanokwanisa kuona nekunzwa Inzwi raMwari mupenyu richitaura sezvaAkaita paAifamba muGarirea. O, chokwadi!

127 “Sauro, Sauro, Ko unonditambudzireiko?” Chii chakazviita? Akamuendesa here kuseminari ndokumudzidzisa imwe dzidziso yebhaibheri itsva? Kwete, haAna. Chii chaAkaita? Akataura naye, uye pakava neInzwi chairo raitaura nemuGore. Chakanga chiri chii? Mwari mumwe chete akatinhira kubva muGomo reSinai.

128 Mumisangano, munzvimbo uko Mweya Mutsvene kwaunouya, unonzwa inzwi remunhu rashanduka. Uye asingazive kana, maABC, asi Kristu anokwanisa kutora inzwi iroro otaura zvakananzika zvaMwari Samasimba. Zvinofanira kushandura murume nemukadzi wese anogara muHupo hwaKe...?.. “Ndakanzwa Inzwi,” akadaro. O, isu tinokotsira. Handitarisire kudaro, zvinotofanirwa kuti zvinge zvizhizojekeswa kupfuura izvozvo. Asi tinokotsira mumachechi edu, mudzidziso yedu yebhaibheri, mumafungiro edu, uye nemunzira dzedu dzehupenyu, kusvikira tinotadza kunzwa Inzwi iri paRinotaura.

129 “O,” vanoti, “zvingange zviri zvepfungwa. Zvingangodaro, munoziva, zvingangova *izvi*, *izvo*, kana *zvimwewo*.”

130 Ko dai Mosesi ainge akati, “Nhai, hamheno kuti ranga risiri dhimoni ranga riri mugwenzi riya here?” Huh! Panga pasina mubvunzo kuna Mosesi, akanzwa Inzwi.

131 Kana ukati, “O, ingangova pfungwa yangu iri kunditaurira izvozvo.”

132 Kana uri mwana waMwari, unoziva kuti Inzwi raKe. “Makwai aNgu anonzwa Inzwi raNgu. Makwai aNgu anonzwa Inzwi raNgu.” Achaziva.

133 Panga paine mumwe, aiva nezita rainzi Petro, ainge aponeswa, uye naiyewo akanga azadzwa neMweya. Apa iye aida kuramba akabaturira patsika dzevakuru. Zvose zvaaziva, zvingadai zvaiva muno muShoko. Zvino rimwe zuva, ari pamusoro pemba, apo aida kuchengetedza tsika dze, “Rega nyama...kudya chero nyama ipi zvayo, uye nemasabata,

nezvimwe zvakadaro.” Pane vanhu vakanaka vakawanda vanoramba vachiedza kubatirira pane zvinhu zvakafanana naizvozvi.

¹³⁴ Uye rimwe zuva paakanga ari pamusoro pemba, akanzwa Inzwi rakati, “Usati izvo zvaNdakachenesa, ‘hazvina kuchena.’”

¹³⁵ Mwari, ndinoshuvira dai Aitora boka revaparidzi vari mumupata uyu pano, uye ovaita kuti vazive kuti hatizi kupenga, hatizi vaumburuki vatsvene, boka remarara. Uyu Mweya waMwari mupenyu. Uye varume nevakadzi vadhakwa nekunaka kwaKe. Hauzi huroyi kana zvekuverenga pfungwa. Ndiwo Mweya waMwari mupenyu. Rega kubatirira patsika dzako, dzevakuru, zvino uteerere kuInzwi raMwari mupenyu. Rinokushandura. Hauzova mumwe wevatambudzi. Unozoda kuva mumwe wavo. Kana ukakwanisa kupfuurira zvidzviso zvedzidzo dzako, kusvikira wava kuyerera muHupo hwaKe uko, chimwe chinhu chinotora nzvimbo. Hauzotendi kuti mazuva ezvishamiso akapfuura. Unozotenda kuti ari ipo pano, nekuti chimwe chinozoitwa pauri, chokwadi, choshandura munhu. Ndizvo zvinogara zvichiita Inzwi raMwari nguva dzose. Rinoshandura varume nemadzimai nekuvaita zवानofanira kuva; kwete zvakaitwa nezvikoro nevadzidzisi, asi izvo zvakagadzirirwa naMwari.

Inzwi, richitaura! “Ndakanzwa Inzwi.”

¹³⁶ O, ndingade sei kuenda muzviitiko zvangu pachangu. Uye kuti mungade sei kuenda kuzvapupu zvenyu pachenyu, vazhinji venyu imi varume nevakadzi vakanzwa Inzwi raKe.

¹³⁷ Uye ndinorangarira ndichiRinzwa pandainge ndichiri kakomana kadiki, kuzasi chaiko mumakomo ekuKentucky. Uye ndaifunga kuti Yaive shiri yaive mumuti, asi shiri yakabhururuka ichienda. Akati, “Usatya, nekuti uchazobva pano rimwe zuva, uye mondogara pedyo neguta rinonzi New Albany.” Ndakanzwa Inzwi raKe paAkati, “Usaputa, kana kunwa, kana kusvibisa muviri wako nevakadzi nezvakadaro. Pane basa rako rekuti uite paunenge wakura.”

¹³⁸ O, Achingori Ishe Mwari mumwe chete. Uye unoMunzwa, awa yega-yega, achitaura kwauri mukakamuri kako kadiki kakavanda, mukamuri yako yekunamatira. Wobuda pamberi peungano, zvino wotaura zvinoonekwa kuvanhu. Inzwi raMwari, Raisanyanyonzwika mumazuva aSamueri. Ratonyanya kusanyanyonzwika muzuva ranhasi. Nokuti, pakanga pasina chiratidzo chiri pachena.

¹³⁹ Petro akanzwa Inzwi, ndokubva Rashandura dzidzo yake yose yebhaibheri. Akaenda akananga kuMarudzi, avo vaafunga kuti vaiva boka revasina kudzidza vakarambwa. Asi, Inzwi raMwari, kwete kudzidziswa kwake, Inzwi raMwari mupenyu rakamushandura.

¹⁴⁰ Uye zvino mumwezve zvakare. Paiva nemurume akanaka, imwe nguva, muBhaibheri. Aizivana pauzima naJesu, achiMuda, uye aitenda maAri, achiMunamata, uye aitamba naYe, uye achienda muzvikomo naYe, nokudzika kurwizi, achiraura naYe. Aiva murume akanaka. Rimwe zuva, Jesu painge aenda, rufu rwakauya rwuchiverevedza mukamuri yake.

¹⁴¹ Zvino akange asiya chechi yechinyakare, iye nehanzvadzi dzake dzakaisvonaka, Marita naMaria. Uye vakanga vabuda nekuti vaiMuda, uye vachiMutenda kuti ndiMhesiya. Zvino mukudaro, chechi yakange yavadzinga nokukurumidza.

¹⁴² Zvino murume wechidiki uyu akarwara zvakanyanya kusvikira afa, uye ainge atovigwa, ava nemazuva mana. Chii chakanaka chaizoitwa nedzidziso dzebhaibheri ipapo? Zvaizobatsirei kucheche yake ipapo? Asi paiva neInzwi raMwari, panyika, zvino Akataura kuna Razaru. Uye Razaru, murume anga afa awora muguva, akanzwa Inzwi raKe, ndokubva abuda akararama zvakare.

¹⁴³ Ndainge ndakafa imwe nguva, muzvivi nemukudarika. Wakanga wakafa muzvivi nemukudarika. Asi rakanga riri Inzwi raMwari rakati, “Uyai kwaNdiri, imi mose makaneta uye makaremerwa, Ndinokupai zororo.”

¹⁴⁴ Ndakaona Inzwi iri richitaura kuchirema, richimutwasanudza. Ndakaona Inzwi raMwari richitaura kubofu, maziso ake akabva avhurika. Kune vava kufa, vakazara nekenza, kune vane maperembudzi, vovaona vachidzokera kuve zvakanaka munyama, muhutano hwakakwana zvakare. NdakaMuona achitaura kune vakasungwa nedoro, nemapenzi, nevakarambwa, neboka remumashabhini, uye vachizova vakadzi nevarume kwavo, uye nevatsvene vaMwari mupenyu, nekuti Inzwi raMwari rakataura. Ndiro ratinoteerera, nhasi.

¹⁴⁵ Regai ndivhare ndichitaura izvi. Pachauya nguva, yekuti apo mweya wako unonombeya uchange watorwa kubva mumutumbi wako, uye uri parwendo kune imwe nzvimbo, uchidzengerera uko murima, kana kuti uri muzvipfuva vaMwari. Inzwi iroro richitaura zvakare. Uye Bhaibheri rakataura, kuti, “Vose avo vari mumakuva vachanzwa Inzwi raKe, uye vachabuda. Vamwe vachauya mukunyadziswa nekuzvidemba kusingaperi. Uye vamwe vachauya kurugare nemufaro zvisingaperi.”

¹⁴⁶ Mangwanani ano anokwanisa kuva nguva iyo yaunosarudza, kuti uchateerera kune zvinotaurwa neterevhizheni here, kana kuti zvinotaurwa nebepa, kana zvinotaurwa nevadzidzi vebhaibheri, kana kuti zvinotaurwa naMwari. Regai ndikutaurirei, sevanhu. Musateerere kune zvinotaurwa nechero chipi zvacho, kunze kwezvinotaurwa naMwari. Mirira paInzwi diki, rakadzikama iri, uye iYe achakushandura.

¹⁴⁷ Unoti, “Ndinoda kutenda, Hama Branham. Ndinoshuva deno ndaigona kutenda. Ndinoshuva deno ndaikwanisa kuita

zvimwe zvinhu.” Asi haukwanise. Sei? Hauzvinyararidze nguva yakareba zvakakwana. Hausvike munzvimbo iyo yokuti kupokana kwese kwaenda.

148 Paunopinda munzvimbo iyo kupokana kunenge kwapfuura, zvino unenge wasununguka, uye unokwanisa kunzwa Inzwi raMwari richitaura. “Mwana waNgu, ndini Muponesi wako. Mwana Wangu, Ndini Mupodzi wako. Haufanirwe kuita zvinhu izvi. Ndakafa kuti ugova wakasununguka. Asi kana uchiri pasi pano mukudedera uku, wakasanganiswa nemhando dzose dzemanzwi, ingosvotoka kubva kwaari ese.”

149 Zvinondirangaridza nezvenguva yandakambenge ndiri mumakomo. Uye handimbobvira ndakanganywa zviitiko izvi. Uye pano angaite makore gumi apfuura, kana asina hawo kuzowanda kudaro, ndaibatsira VaJefferies pakukokorodza, uye apo pavaiva nemunyu pamabhiza. Uye ndaiaendesa pana mamwe mananzvo pandaikwanisa kuaronga, uko mombe dzaiziva kwekuuya. Kure chaiko, kuda, mamaira makumi manomwe, kubva kunogara vanhu. Kana kuti, ndinoreva, angaite mamaera makumi matatu, makumi matatu nemashanu, pamwe mamaera makumi mana, kuenda kuKremmling, Colorado, uko kwaunosvika kukaguta kadiki kane huwandu hwevanhu hungaite mazana manomwe kana masere evanhu. Zvino ndainge ndiine bhiza rangu, uye ndakanga ndabuditsa mabhegi angu anotakurwa pamusana pebhiza, asisina chinhu. Uye tinotarisa pa...tovhima mombe kunyangwe nemabhainokura. Zvino ndakange ndakochechera bhiza rangu pabazi, uye aitevera aiva shure kwaro, rinova riri, bhiza racho...bhiza rine bhera rinenge riri kumberi. Zvino ndakaenda pamusoro pezvikomo. Uye kwakanga kwakazonaka. Yakanga iri nguva yepfumvudza. Uye ndainge ndichitarisa mhiri kwemipata, ndichitarisa tumasaisai tudiki twemvura, kure kwazvo. Zvino pandaitarisa, painge pari pakati pemasikati, zvino ndakaona chimwe chinhu chakandibata.

150 Ndakaona vamwe mai vachitora vana vavo kubva mudendere ravo, imwe shiri yechapungu. Uye chakafuridza namapapiro acho pose pamusoro pavo kusvikira chavaisa pamapapiro acho. Vakange vambobudiswa mudendere umu kumashure. Asi chakavatora chikadzika navo mumupata. Vanga vasina kumbobvira vadzika pasi ikoko kumashure. Ivo vanga vachidzidzira kubhururuka. Saka, chakavasiya. Ivo vakaenda havo, vachitanhaura uswa, ivo vachidonhera mumwe pamusoro pemumwe, vakasununguka nokusununguka kwese. Zvino ndakagara ipapo, ndakafunga, “Zvino, handizvo here zvakangoita boka chairo, reMakristu rinotenda! Havanetseke.” Sei vainge vasinganetseke? Vainge vasingafanire kutya chii zvacho, nekuti amai vakanga vadzokera kumusoro kuye ndokugara pasi padombo, kuti vavatarise. O! Izvozvo zvinongobva zvazvishandura saizvozvo.

¹⁵¹ Paunosvika pakufunga, “Ko Mufudzi *Nhingi-nhingi* vanozofungei kana zvikaitika kuti ndawana Mweya Mutsvene? Ko Bhishopi *Nhingi-nhingi* vanozoti kudini?” Handina basa nezvavanotaura.

¹⁵² Jesu wakafa, uye iYe akakwira masvingo emuKubwinya, zvino Agere mumatenga ematenga. Hapachisina chinhu chichakukanganisa. Ziso raKe riri pakadhimba, uye ndinoziva kuti Anonditarira, uye Anokutarira.

¹⁵³ Zvino kana pakauya, kana paiuya gava, kana chimwe chinhu kuti chikanganise mumwe wevadiki ava, handiti, ivo. . . Zvaiva nani zvikarega hazvo. Vanokwanisa kutakura gava muruoko rwavo, muzvanza zvavo, voritakura mudenga kuda zvuru zvakati kuti zvemafiti vobva variregedza. Rinobva rapamuka kuita zvimedu mumhepo. Hapana chinhu chichatambudza vadiki ava. Mai ndivo vanoona nezvazvo.

¹⁵⁴ Hapana chinhu chichakutambudza. Usatye kutora Mwari paShoko raVo. Ingodekara, uye uve nekutenda, uye utende. Ari kukurinda. Achaputsanya chii zvacho chinoedza kukutambudza. O, chingakurwisa, asi hachikwanise kukukuvadza. “Nekuti zvinhu zvose,” iYe anozvitendera. Hazvina mamwe maitikire, “Nekuti zviri kushandira pamwe chete mukunaka, kuna avo vanoda Ishe.” Hapana kukuvadza kungauya kwauri.

¹⁵⁵ Zvino saka, mushure mechinguva, pakauya dutu. Zvino apo pakatanga dutu, rinouya nekukurumidza, aya ekuchamhembe, kakupenya kadiki kemheni tevere kuuya kwemhepo, ichimhanya mamaira makumi matanhatu [100 km/h] kana makumi manomwe paawa [117 km/h]. Zvino mai chapungu vava ava vakaita kudandzira kukuru, ndokubva vaenda vachidzika mumupata. Uye kudandzira kuya, kwakaitei? Tuchapungu tudiki utwu twaiziva inzwi raamai vatwo.

“Makwai angu anonzwa Inzwi raNgu,” Akataura.

¹⁵⁶ Njodzi yakanga yosvika. Zvino, hatuna kuedza kuenda pasi pezvigutsa. Hatuna kuedza kumhanyira mune mumwe murwi wemarara. Twakangomirira pana amai.

¹⁵⁷ Ndizvo zvinofanira kuitwa neMukristu; kuona kuti Mwari vachaiti pamusoro pazvo.

¹⁵⁸ Zvino paya a—amai ava vakuru pavakamhara pasi, makumbo mahombe aya akada *kudai*, vakadzika pasi sezindege zihombe riri kumhara pasi. Zvino vakakanda musoro wavo mumhepo vakandanidzira, zvino ndokutambanudza mapapiro aya mahombe kunze, angaite mafiti gumi nemana, kubva kumucheto kusvika kumucheto, akafara kunge kubva padanda *iri* kusvika pane *iro*. Tuzvapungu tudiki twise utwu twakangomhanya sekugona kwatwo kwese, ndokusvetukira chaipo pamapapiro amai vatwo. Tukasverera pasi chaipo uye tukabatirira netwumakumbo twatwo tudiki, tukatora tumiromo

twatwo twudiki, tukabata rimwe reminhenga yakasimba mukati imomo. Amai vakangotutora, pasina kuzunguzika kwemapapiro iwayo, ndokukwira mudenga mumhepo iyoyo. Vakanyatsoenda vakananga mumatombo, kunotuvanza kubva kudutu rainge rouya.

¹⁵⁹ O, hama, dutu rava pedyo kusvika. Inzwi Inzwi raKe. Riri kudanidzira kwamuri, “Budai kubva muBhabhironi. Zvitsaurei. Musava vadyi vezvake, vezvivi zvavo. Ndichakugamuchirai. Muchava vanakomana navanasikana kwaNdiri. Ndinozova Mwari kwamuri.”

Nгатikotamisei misoro yedu kwechinguvana, mukuvhara.

¹⁶⁰ [Mumwe munhu anopa chiporofita—Mupepeti.] Ameni. Mazvinzwaka izvo. Ndicho chatinoti chiporofita muchechi.

¹⁶¹ Pangava here nevamwe pano mangwanani ano, zvandinoziva kuti varipo, vangati, “Ishe Mwari, ivai nengoni kuneni. Kunyangwe ndakajoinha chechi, ndikareurura, asi ini—ini handizive kuti chii kuva ndakanyarara pamberi peNyu, uye nekunzwa Inzwi reNyu richinditungamirira nekundidzidzisa. Handingaziva zvekuita kana iMi maizotaura neni neInzwi rinonzwika. Ndingade kuKuzivai, kuitira kuti Muzokwanisa kutaura neni nekuraira nzira dzangu”? Ungasimudza maoko ako here iye zvino uye woti, “Mwari, ivai nengoni”? Ishe vakuropafadzei, kwese-kwese, maoko kwese-kwese. Rambai makangoasimudza. Ndizvozvo chaizvo. “Ishe, ivai nengoni kuneni. Ndine chido neMi zvakananyanya.” Pangava nevamwezve here tisati tavhara? Mwari vanoona mawoko enyu kumashure uko, mudzimai, nemi mose muri kumashure-shure chaiko, uye nevakamira mumitsara nezvakadaro. Mwari vanokuonai, kunyangwe kusvika papuratifomu, kwakapoteredza kumusoro kuno.

Zvino Samueri akati, “Eri, mandidana here?”

Eri akati, “Kwete, mwanakomana wangu, handina kumbokudana.”

¹⁶² Uyo anga asiri ini ataura kumoyo wako, shamwari. Anga ari Mwari. Iwe ingotaura uchipindura uye woti, “Muranda wenyu anonzwa. Uye nditorei muhutariri hweNyu, nhasi, Mwari. Ndiregei, kubva nhasi, ndive weNyu zvachose.”

¹⁶³ Mwari vanogara neKusingaperi, mudi wemweya, uye Musiki wezvinhu zvose, apo Inzwi riya diki raMwari rakadzikama iro rakataura naSamueri, rakataura naSauro, rakataura naPetro, rakataura naDhanieri, naIsaya muporofita, navose zvichidzika nemuzvizvarwa, rataura zvakare mangwanani ano mutabhanakeri. Zvichida pamwe maoko makumi matatu, kana kuti makumi mana, kana kuti pamwe makumi mashanu, evatadzi nenhengo dzechechi, nevanhu vari kushushikana, vasimudza maoko avo. Vazhinji vavo vanga vari pano usiku hwapfuura, uye vakanzwa Inzwi reNyu richiuya zvinonzwika.

Uye zvino, mangwanani ano, Inzwi rimwe chete iroro riri kutaura pasi pakadzika mumwoyo yavo. Vasimudza maoko avo, nemaoko avo akananga Kudenga, vachiti vakakanganisa, uye vanoda kuve vari zvakanaka.

¹⁶⁴ Makataura muShoko reNyu, kuti, “Hapana munhu anogona kuuya kwaNdiri, kusiya kwekunge Baba vaNgu vamukweva kutanga. Uye vese vanouya, iNi ndinovapa Hupenyu Husingaperi. Uye ndinozomumutsa pazuva rokuguma.”

¹⁶⁵ Makazvivimbisa, Baba. Zvino tinodana paMuri, semuranda weNyu, kuti mupe kune ava vasimudza maoko avo, Hupenyu Husingaperi nemufaro Usingaperi. Uye dai vakuraramirai Imi, mazuva ose ehupenyu hwavo. Uye pamagamo emugwagwa werwendo rwehupenyu, vapinde mumifaro yaShe. Zviitei, Baba. Tinozvikumbara muZita raJesu uye nekuda kwaJesu. Amen.

¹⁶⁶ Vangani venyu vanoMuda nemoyo wenyu wose, ungori mwoyo wako wese? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti.] Zvino, munzvimbo diki idzi dzakaita seino. . . ndangononoka. Asi Bhaibheri rakataura, kuti, “Tinongogara pamwe chete munzvimbo dzokumusoro Kumatenga muna Kristu Jesu.” Mweya Mutsvene unouya, wopinda muShoko, wofamba uchidzika nemuongano, uye unongokwanisa kuUtarisa paUnomhanya napamusoro pavo, uchivashandura.

¹⁶⁷ Sezvandataura, ndinotenda mumanyawi. Chokwadi. Asi, iwe, chii. . . Munoono, manyawi haakushandure. Manyawi anofanira kuenda mukati chaimo kusvikira abata hunhu hwako hwemunhu. Ndizvo zvinokushandura kubva mukuzara nezvivi. . .

¹⁶⁸ Ko mutadzi chii? Uyo asingatendi. Pane vanhu vakawanda nhasi, vane dhigirii re—reBachelor of Arts, vane dhigirii rachiremba, vane Ph. D., nevaviri vana L.D. pazita ravo, uye vachingori vatadzi. Vanoziva Bhaibheri kubva kuna Genesi kusvikira kuna Zvakazarurwa, vanoparidza mupurupiti, uye vachite- . . . avo vasingatendi. Bhaibheri rakati, “Uyo asingatendi akatopomerwa nechekare.”

¹⁶⁹ Bvunza mumwe wevanhu ivavo kuti vanotenda here kuti Mweya Mutsvene ndewanhasi. “Sei, kwete zvachose.” Ko unotenda here kuti kupodza kwaMwari ndiko? “Nei, kwete zvachose.” Zvino iyeye munhu asingatendi. Ndizvo chaizvo. Kana Mweya Mutsvene uri mauri, ko iYe haapupurire here kuShoko raKe pachaKe? Uye kana mweya uri mauri uchipupura zvinopesana nezvinonzi naMwari ichokwadi, hausi Mweya waKristu. Unokwanisa kuva nhengo yechurch of Christ, asi hausi waKristu kusvikira mweya wako wava kuti “ameni” kuvimbiso yega-yega yakaitwa naMwari. Uye paAkavimbisa. . .

¹⁷⁰ Petro akati, paZuva rePentekosti, akati, “Tendeukai, mumwe nemumwe wenyu, uye mubhabhatidzwe muZita raJesu Kristu kuti muregererwe zvivi zvenyu, uye muchagamuchira chipo

cheMweya Mutsvene.” Zvino kana mweya wako uchiti zvanga zviri zverimwe zuva...Ko Gwaro rakati kudini? “Nokuti vimbiso ndeyenyu,” muJudha, “nekuvana venyu, nekune avo vari kure,” veDzindudzi, “kunyangwe avo vose zvavo vachadanwa naIshe Mwari wedu.” Vimbiso imwe chete.

¹⁷¹ Akati, “Ndiri Muzambiringa, muri matavi.” Uye kana iri iyo Dzidziso yebazi, bazi rekutanga, bazi rechipiri rinofanira kuva neDzidziso imwe chete. Uye Dzidziso imweyo inobuditsa zvbereko zvimwe chete. Uye panouya bazi rega-rega paMuzambiringa, rinobuditsa chinhu chimwe chete. Ndinofara, mangwanani ano, ndinofara chaizvo kuti ndinoziva kuti Mweya waMwari mupenyu uchiri kutaura uye unotaura kuvanhu, uye nokusimbisa Shoko raKe.

¹⁷² Tiri kuenda mushumiro yekubhabhatidza munguva shoma inotevera. Kana wakasaswa, kudirwa, kana kunyikwa neimwe nzira isiri muZita raIshe Jesu Kristu, unopikiswa kuti uuye kumvura.

¹⁷³ Zvino unoti, “Hama Branham, munoreva kunditudza here?” Hongu, hama.

¹⁷⁴ Kusasa hakuna kutaurwa nezvako muBhaibheri. Hapana nzvimbo muBhaibheri apo mumwe munhu akambosaswa. Zvino rangarirai izvi. Ndakabvunza padhesiki rino, svondo rese. Ndiwanireiwo pane munhu mumwe chete muBhaibheri akambosaswa kuti varegererwe zvivi zvavo, akambodirwa kuti varegererwe zvivi zvavo, kana kuti akambobhabhatidzwa nekunyudzwa muzita ra “Baba, Mwanakomana, Mweya Mutsvene” kuti varegererwe zvivi zvavo. Hapana kumbova nemunhu akambosaswa, akadirwa kana kuti akabhabhatidzwa muzita ra “Baba, Mwanakomana, Mweya Mutsvene,” mukati mezvivharo zvese zveBhaibheri. Kwete, changamire. Vainge...

¹⁷⁵ Panga pane vamwe vanhu vakabhabhatidzwa imwe nguva naJohane muBhabhatidzi, uye vakanga vasina kubhabhatidzwa mune chero zita zvachose, uye vakanga vakabhabhatidzwa nemurume mumwe chete akabhabhatidza Jesu. Asi Pauro, paakasangana navo muna Mabasa 19, akavaudza kuti vaifanira kuuya vobhabhatidzwa zvakare muZita raJesu Kristu, kana kuti havaikwanisa kugamuchira Mweya Mutsvene sezvavaiva.

¹⁷⁶ Petro paakawana vamwe vakanga vagamuchira Mweya Mutsvene vasati vabhabhatidzwa zvachose, akavaraira uye akagara navo kusvikira vazobhabhatidzwa muZita raJesu Kristu. Ndicho chokwadi, shamwari.

¹⁷⁷ Ndinoziva vanhu vakawanda vanoti, “Zvino, Hama Branham muJesus Only.” Hazvisi izvo.

¹⁷⁸ Ndinongotenda Magwaro. Handisi nhengo kune rimwe remasangano. Uye veJesus Only havabhabhatidze nenzira iyoyi, zvisinei. Vanongobhabhatidza, Zita ra “Jesu.” Bhaibheri rakati, “Ishe Jesu Kristu.” Pana vana Jesu vakawanda, asi Ishe Jesu

Kristu mumwe chete. Maona? Maona? Kristu ndiye Mhesiya. Maona? Uye ndizvo chaizvo.

¹⁷⁹ Uye zvino, shamwari dzangu, iye zvino, imi muri pano mangwanani ano, hamuna kumbobvira mabhabhatidzwa nzira iyoyi, dai Inzwi raMwari diki rakadzikama rataura pakadzika mukati mumunhu wako wemukati. Uye hazvina basa kuti bhishopi, kuti chechi, kana kuti chimwe chinhu zvacho chinoti kudini, huya uteerere Ishe, ndiyo rairo yangu kwamuri.

¹⁸⁰ Uye, zvino, Hama Neville vachaenda mukamuri *iyi*, kuti vandogadzirira shumiro yekubhabhatidza. Uye avo vari—vari kugadzirira zvinhu, vamwe vevakuru vachaenda neni. Ndichava nemi imomo, muminiti inotevera.

¹⁸¹ Asi ndinoda avo vari kuuya izvozvi, patinenge tave kuzoimba, “Ndinonzwa Muponesi wangu achidana.” “Ndichaenda naYe. Zvisinei kuti ichечи ipi, ndichaenda naYe. Zvisinei kuti chero munhu upi hake, ndichaenda naYe nzira yese.” Regai va—varume vaende mukamuri *iyi*, uye vakadzi vaende mukamuri *iyi*, tichiimba zvino. Zvadaro tichazosunungurwa kuenda, zvinotenderwa, muchinguva chidiki zvino. Zvakanaka. Tese pamwechete zvino.

Ndinonzwa Muponisi wangu achidana,

¹⁸² Zvino, varume endai *kuno*, vakadzi nechekuno uku. “Wangu Mupo- . . .” Vamwe vakadzi endai umu nevakadzi ava, ndapota.

Ndinonzwa Muponisi wangu . . . (Wanzwei?

Inzwi raKe.)

“Tora muchinjikwa waNgu, zvino utevere, uNditevere.”

Uko iYe . . . (Zvino unonyatsorevesa here?) . . .
ndichatevera,

KwaAnonditungamira ndichatevera,

KwaAnonditungamira ndichatevera,

Ndichaenda naYe, naYe nzira yose.

¹⁸³ Zvino, ndichitaura izvi, shamwari, ndanzwa Inzwi. Uye dai Inzwi iri risina kutaura maererano neInzwi raMwari, *Pano*, inzwi risiri iro. Asi, “Makwai aNgu anoziva Inzwi raNgu.”

¹⁸⁴ Unokwanisa kuuya sei? Hecho chikonzero chaunouyira. Nokuti, “Zita rako rakaiswa muBhuku reHupenyu reGwayana nyika isati yavambwa.” Bhaibheri rakadaro. Funga nezvemunhu akagara uye achiziva kuti ichi ndicho Chokwadi cheEvhangeri, uye nazvino pachingori nechimwe chinhu chakavabata, nokuziva kuti zvichida zita ravo harina kuiswamo. Zvino zvichazodini?

“VanoNdinamata pasina.” Maona, “Pasina.”

¹⁸⁵ “O,” unoti, “Ndiri murume akatendeka. Ndiri uyo akatendeka . . .” Izvozvo hazvina kana chinhu chimwe chete chekuita nazvo.

¹⁸⁶ “VanoNdinamata pasina, vachidzidzisa sedzidziso iri mirairo yevanhu.”

¹⁸⁷ Ndakuudzai, hapana munhu akasaswa, kudirwa, kana kubhabhatidzwa, muzita ra “Baba, Mwanakomana, neMweya Mutsvene” muBhaibheri. Rinzvere. Upawane. Kana zviri izvo, huya undiratidze, papuratifomu usiku hwanhasi. Zvino, kana wakaitwa nenzira iyoyo, uri kutevera tsika dzevanhu.

¹⁸⁸ Uye kana mumwe munhu akakuudza, “Zvakanaka, iwe huya mberi kuno wobva waita kureurura kwako, unobva wagamuchira Mweya Mutsvene ipapo.” Hazvisi izvo. Idzidziso yakagadzirwa nevanhu.

¹⁸⁹ Pane rubhabhatidzo rwemvura rwenhema. Pane rubhabhatidzo rweMweya Mutsvene rwenhema. Dhiyabhorosi ava kuUtevedzera nekuti unoita zvekunamata. Kaini, baba vake vaiva munamati, sezvatakafuura nemazviri. Mbeu yenyoka ichiri kungoenderera mberi. Uye Mbeu yemudzimai, kuburikidza naKristu, ichiri kungoenderera mberi.

“Asi, hapana munhu anokwanisa kuuya kusiya kwekunge Baba vaNgu vamukweva.”

¹⁹⁰ Zvino funga nezvevamwe vakagara pano, mangwanani ano, vanoziva kuti vakabhabhatidzwa zvenhema, muchitendwa chemunhu, uye zvisiri maererano neBhaibheri, uye kuberekwa kwako kwekutanga kwakupupura hakusi iko. Zvauri zvingazove zvakanaka sei, kunze kwekunge wadzokera kumashure wotanga zvakanaka? Munorangarira, svondo rino, ndakaparidza: *Zvanga Zvisina Kudaro Kubva Pamavambo*.

¹⁹¹ Zvino, uye kana uchikwanisa kunzwa Inzwi richitaura newe, ndiMwari, nekuti Rinoenderana neGwaro. Kana risingaenderane, zvino pane imwe mhando yeinzwi risiri iro riri kutaura newe. Asi Inzwi chairo rinokutaurira kuti utevere mirau yeBhaibheri; hapana kusasa, hapana kudira, hapana zvenhema. Buda zvizere utevere mirau yeBhaibheri.

¹⁹² Zviitei, shamwari dzangu, kunyangwe zvikatora zvese. Handina basa kuti zvingakutorerei, ndichaisa padivi zvese, kuti nditevere Ishe Jesu.

¹⁹³ “Inzwai Inzwi raNgu. Makwai angu achadaro, uye achauya kwaNdiri. Uye vose vanouya kwandiri, Ndichavapa Hupenyu husingaperi, uye ndomumutsa mumazuva ekupedzisira.” Ndizvo here?

¹⁹⁴ Hezvinoi izvi, chaipo pamwe chete neMagwaro. Hapana anokwanisa kuramba Izvi. Ndizvo chaizvo. Hapana anokwanisa kuZviramba. Hezvinoi izvi, muSimba reMweya, uchiita zvinhu zvimwe chete zvakaitwa naJesu. *Heunoi* Ari pano, pamufananidzo, Shongwe yeMoto imwe chete, ichifamba, zvibereko zvimwe chete, Mweya mumwe chete, uine manyawi mamwe chete, maitiro mamwe chete, zviratidzo zvimwe chete,

zvishamiso zvimwe chete. Hezvoka izvo. Inzwa Inzwi raMwari mangwanani ano.

Zvino Inzwi rakati, “Samuери.”

¹⁹⁵ Akati, “Hongu, Ishe. Hongu, Ishe. Ndiri pano. Muranda weNyuri ari pano. Muranda weNyuri ari pano. Ndichatevera.”

Mwari varopafadze mudzimai uyo. “Ndicha . . .”

¹⁹⁶ Unoti, “Hama Branham, munozviita kuti zvisimbe zvakanyanya.” Ndinorevera kuti zvisimbe. Zviri pakati peHupenyu nerufu, saka ndinofanira kuzviita kuti zvisimbe. Ishe vave nemi, ndiwo munamato wangu wakaperera.

¹⁹⁷ Zvino, vasati vabvisa midziyo yemuchivakwa pano, kuti vave . . . kuitira kuti mukwanise kuona rubhabhatidzo. Nzvimbo yakazaruka panguva dzose. Ndinoda kuverenga zvimwe, kubva muMagwaro chaimo, kuti mugoona kuti ndi—ndiri kuverenga.

¹⁹⁸ Jesu Kristu, muchitsauko 16 chaMutsvene Mateo, ndinotenda, akaudza Petro, “Ndinokupa makii eHumambo hweKudenga. Chero chamunosunga panyika, ndichachisunga Kudenga; chero chamunosunungura panyika, Ndinochisunungura Kudenga.” Munozviziva mese? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti.]

¹⁹⁹ PaZuva rePentekosti, apo Humambo hwaMwari hwakanga hwaya muhuzaro hweSimba raHwo, munozvitenda here? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti.] Petro, akamira. Zvino, Jesu paakamuka kubva kuvakafa, Akange asina makii eHumambo. Ndizvo here? [“Ameni.”] Aiva nemakii erufu nehadhesi, kwete makii eHumambo. Uye hezvinoi zvaakataura paaiparidza, uye vainzwa zvinhu izvi, uye vainge vaomesa moyo yavo. Hezvinoi chaizvo zvakataurwa naPetro.

²⁰⁰ Zvino teeresesai ndichiverenga Magwaro, kuti mugonzwisisa. Mabasa, chitsauko 2. Rangarirai. Vangani vakanga vari pano kuti vanzwe mharidzo, *Zvanga Zvisina Kudaro Kubva Pamavambo?* Ngatidzokerei kumavambo tione kuti rubhabhatidzo, kubhabhatidza chimbori chii chaizvo. Tinofanira kubhabhatidza sei? Kusaswa, kudirwa, kana kuti muzita ra “Baba, Mwanakomana, Mweya Mutsvene”?

²⁰¹ Rangarirai, ndakapikisa chero upi hake mushumiri, chero upi hake bhishopi, chero ani zvake, kupi zvako, nguva ipi zvayo, kuti andiratidze Gwaro rimwe chete apo chero munhu akambosaswa, akadirwa, kana kuti akabhabhatidzwa muzita ra “Baba, Mwanakomana, Mweya Mutsvene.” Kuchakavhurika. Hazvisi muMagwaro. Kwete.

²⁰² Chitendwa chenhema, chakagadzirwa, chakatangwa nechechi yeKatorike. Kusasa kwakaitwa nechechi yeKatorike, angaite makore mazana matanhatu mushure mekufa kwemudzidzi wekupedzisira. Zvokuti “Baba, Mwanakomana, Mweya Mutsvene” zvakatangwa panguva imwe chete, nekuti

vanhu vechiKatorike vanonamata vanamwari vakasiyana-siyana, uye vakaita hutatu humwe hwehofisi dzaMwari. Havazi vanaMwari vatatu; Baba, Mwanakomana, Mweya Mutsvene. Ichocho chihedheni.

203 Kuna Mwari mumwe chete. “Usave nevamwe vamwari kunze kwaNgu.” “Inzwa iwe, O Israeri, ndiNi Ishe Mwari wako, Mwari mumwe chete.”

204 MuJudha akatibvunza, “Ndeupi Mwari wenyu; Baba, Mwanakonama, kana kuti Mweya Mutsvene?”

205 Pangori neMumwe wavo. Mahofisi matatu ayo Mwari mumwe chete akashanda ari maari, achizviratidza pachaKe.

206 Kutanga, munaBaba, aisakwanisa kubatika. Akaremba pagomo; kunyange kana mombe kana mhuka yaibata gomo iroso, yaifanira kuuraiwa.

207 Zvino Akazouya pasi, nekuti iYe aida kunamatwa. Akasebera pedyo navanhu, nekuti Akazova Mwanakomana wemunhu. Mwari aiva maAri.

208 Uye paAkaita izvozvo, zvino Akati, “Kanguva kadiki uye nyika haizoNdiona zvakare. Asi, imi muchaNdiona, nekuti iNi,” chisazitasingwi, “Ndinenge ndinemi, kunyangwe mamuri, kusvikira kumagumo enyika.” Akati, “Ndinobva kuna Mwari.” Chii? Shongwe yeMoto. “Ndinodzokera kuna Mwari.” Akazviita. Akazviita. Zvino paAkazviita, Akadzokera kuna Mwari.

209 Zvino tinoona Pauro, muchidzidzo chedu mangwanani ano, ari munzira yake kuenda kuDhamasiko. Uye Akawana Pauro ari zasi munzira. Ndokubva Amurovera pasi. Zvino Pauro paakatarisa mudenga, Akanga ari chii? Shongwe yeMoto zvakare, Chiedza chakapofomadza maziso ake.

210 Tarisai zvakaitwa naJesu paAkanga ari panyika, ndokuudza mukadzi zvivi zvake, akaita zvinhu zvose izvi. Uye ndokuti, “Hapana chandinoita kusiya kwekunge Baba vaNdiratidza kutanga.”

211 VakaMubvunza, vakati, “Ko wadini Waenda zasi uko wanopodza vanhu avo zasi ikoko?” Akapfuura nemumhomho huru, umo mhetamakumbo, zviroma, mapofu, nevakaoma mitezo. Akapodza murume aiva nedambudziko reprostata, kana zvimwe, ainge akarara panhowo. Ndokuti, “Sei Usingapodze boka ravo rese?”

212 Iye Akati, “Zvirokwasvo, zvirokwasvo...” Mutsvene Johane 5:19, zvino, “Zvirokwasvo, zvirokwasvo, Ndinoti kwamuri, Mwanakomana haakwanise kuita chinhu maAri; asi izvo zvaAnoona Baba vachiita, ndizvo zvinoita Mwanakomana.”

213 Hepano Auya zvakare, mumazuva ano okupedzisira. Nyika yezvesainzi haikwanise kuzvipikisa. Chechi haikwanise kuzvipikisa. Hezvinoi izvi pano, zvadzoka zvakare muchechi

uye zviri kuita chinhu chimwe chete. Mweya! Mwari vanoda avo vanonamata muMweya nemuZvokwadi. HeUnoi pano.

²¹⁴ Hezvinoi izvi zvaAkataura paZuva rePentekosti, Petro achiparidza.

Uyu Jesu wakamutswa naMwari, uko vari. . . isu tose tiri zvapupu zvake. (Tiri zvapupu here?)

Nokuti akati asimudzirwa kurudyi rwaMwari, . . . apiwa naBaba chipikirwa choMweya Mutsvene, akadurura izvi, zvamunoona nezvamunonzwa ikozvino.

Nokuti Dhavhidhi haana kukwira mu. . . denga: asi akati amene, JEHOVHA wakati kunaShe wangu, Gara kurudyi rwangu,

Kusvikira ndichiita vavengi vako vave chitsikiro chetsoka dzako.

Zvino imba yose yavaIsraeri ngaizive kwazvo, kuti Mwari vakamuita uyu Jesu mumwe chete, wamakarovera pamuchinjikwa, zvose Ishe naKristu.

Zvino vakati vachinzwa izvozvo, (vakanga vari vanhu vainamata) vakati vachinzwa izvozvo, vakabayiwa pamwoyo, vakati kuna Petro ne. . . kuna vamwe vaapostora, Varume hama, tichaiteiko?

²¹⁵ Tongoenda hedu here tova vanhu vakanaka? Kwete, kwete. Tarira, Petro, wave nemakiyi okuHumambo zvino. “Zvaunovaudza,” Mwari vakati, “Ndinozvisunga Kudenga kana wazvisunga panyika.”

Petro akati kwavari, Tendeukai, mumwe nomumwe wenyu, abhabhatidzwe nezita raJesu Kristu kuti mukanganwirwe zvivi, uye muchagamuchira chipo choMweya Mutsvene.

Nokuti chipikirwa ndechenyu, navana venyu, navose avo vari kure, kunyange neavo vose vanozodanwa naShe Mwari wedu.

²¹⁶ Rimwezve Gwaro. Makore makumi matatu nemaviri mushure meizvozvo, Pauro, kuno muchitsauko 19.

Pauro akati agura namativi enyika eku. . . Efeso: akawana vamwe vadzidzi,

Zvino akati kwavari, Makagamuchira Mweya Mutsvene kubva zvamakatenda?

²¹⁷ MaBaptisti, regai zvinyure mamuri. “Makagamuchira here Mweya Mutsvene kubva zvamakatenda?” Kuzvarwa, kwete kupupura.

. . . Hatina kutongoziva kuti Mweya Mutsvene uripo.

Zvino akati...Kuna ani...makabhabhatidzwa norubhabhatidzo rwupiko? Vanga vabhabhatidzwa, neRwa Johane...

Pauro akati kwavari, Johane zvirokwazwo akabhabhatidza...rwekutendeuka, (kwete kuitira kuregererwa kwezvivi), rwekutendeuka, achiti...kuti mutende kuna iye wacho anozouya...iye, muna Jesu Kristu.

Zvino vakati vachinzwa izvozvo, vakabhabhatidzwa muzita raShe Jesu Kristu.

...zvino Pauro wakati aisa mawoko ake pamusoro pavo, Mweya Mutsvene akauya pamusoro pavo; vakataura nendimi, uye vakakudza Mwari.

²¹⁸ Zvino regai ndikutorerei, Pauro, achivhara tsamba yake, VaGaratia 1:8.

...kuyanguwe isu, kana mutumwa unobva kudenga, akakuparidzirai imwe evhangeri inopesana neyamakanzwa kare, ngaave kwamuri chituko.

²¹⁹ Ndingaenda nemi zvakare kuna VaKorinte, chitsauko 14, ndima 38, paYakati.

Kana munhu achipupura kuti ndiri womweya, kana ndiri muporofita, ngaatende kuti...izvo zvandinokunyorera mirairo yaShe.

Asi kana iye asingazivi, muregei asingazive hake.

²²⁰ Tichazoitei pamusoro pazvo? Humbowo hwose...Ndakanga ndiri munzvimbo yenyu, uye ndisina kubhabhatidzwa maererano nerubhabhatidzo rweChikristu, zvisinei kuti chechi yangu yaifungei, kana kuti mai vangu vaifungei, ndinoda kuziva zvinorairwa naIshe wangu.

²²¹ Ishe Jesu, zvava zveNyu zvino. Uye ndinonamata kuti iMi mushande pamwoyo woga-woga. Uye mupe ava, vari muchidziva kuti vabhabhatidzwe, Mweya Mutsvene, vachimirira paMuri. MuZita raJesu tinoisa ungano kwaMuri, kuti paZuva iroro, Ishe, ndisave ndine mhosva, asi ndakasununguka kubva kuropa revanhu vese; ndisingamire pane dzimwe tsika, kana rimwe sangano, kana chechi yehurongwa, asi nekumira neShoko reNyu. Ameni.



INZWAI INZWI RAKE SHO58-1005M
(Hear His Voice)

Mharidzo iyi neHama William Marrion Branham, yakaparidzwa kwokutanga neChirungu Svondo mangwanani, 5 Gumiguru, 1958, paBranham Tabhenakeri muJeffersonville, Indiana, U.S.A., yakazotorwa kubva patepi yakarhekodwa ndokuzodhindhwa muChirungu pasina chakamurwa. Kuturikirwa uku muchiShona kwakazodhindhwa nokugoverwa neve Voice of God Recordings.

SHONA

©2019 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

VOICE OF GOD RECORDINGS, ZIMBABWE OFFICE
8 ST. ANNES ROAD, AVONDALE, HARARE, ZIMBABWE

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. BOX 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org

Chiziviso chekodzero

Kodzero dzose dzakachengetedzwa. Bhuku iri rinokwanisa kudhindhwa papirinda yekumba kuti ushandise uri iwe pachako kana kugovera kunze, usingatengesi, semudziyo wekuparadzira Evhangeri ya Jesu Kristu. Bhuku iri harigoni kutengeswa, kudhindhwa akawanda, kuiswa pawebhusaiti, kana kuwana mumuchina waringachengeterwa, kuturikirwa mune mimwe mitauro, kana kushandiswa kukumbira mari pasina mvumo yakanyorwa neveku Voice Of God Recordings®.

Kuwana umwe umboo kana zvimwewo zviripo zvingawanikwa, tapota nyorerai:

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. Box 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org